O`zbekistan Respublikası Xalıq talimi ministrligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik
Pedagogikalıq Institutı

**Fizika-matematika fakul`teti**

«Miynet ta`lim» kafedrası

«Miynet ta`lim» bag`darı

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

**Tema:** Mektep oqıwshılarına jergilikli materiallardanpaydalanıp do`gerek jumısların sho`lkemlestiriwdin` a`hmiyeti

**Orınlag`an:** **S.Kosuaqov**

**Ilimiy basshı:** **Dots. B. Ibragimov**

**Kafedra baslıg`ı:** **Dots. B. Ibragimov**

**NO`KIS – 2014 jıl**

**Mektep oqıtıwshılarına jergilikli materiallardan paydalanıp do`gerek jumısların sho`lkemlestiriwdin` a`hmiyeti.**

**Jobası:**


Kirisiw.

I. Bo`lim. Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı ta`biyg`ıy jergilikli materiallar ha`m olardan buyımlar tayarlaw.

I.1. Ta`biyg`ıy materiallardan buyımlar tayarlaw usılları.

I.2. Milliy nag`ıslar xaqqında ulıwma tu`sinik.

II. Bo`lim. Miynet sabag`ınan do`gerek jumısların sho`lkemlestiriwdin` a`hmiyeti.

II.1. Mektep oqıwshılarına do`gerek jumıslarının` maqseti ha`m wazıypaları.

II.2. Do`gerek jumıslarında jergilikli materiallardan paydalanıp ha`r qıylı buyımlardı islew jolları.

II.3. Oqıwshılarg`a jergilikli materiallardan paydalanıp a`meliy shınıg`ıwlardı o`tkeriwdegi jan`asha ko`z qaraslar.

III. Bo`lim. O`mir qa`wipsizligi

1 saatliq sabaq o’tiw usili.

Juwmaqlaw

Paydalanılg`an a`debiyatlar.

**K I R I S I W**

O`zbekstan Respublikası ullı keleshegi ushın Oliy Ma`jilistin` birinshi shaqırıq IX sessiyasında qabıl etilgen. «Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlaması»nın` iske asıwı ayrıqsha a`hmiyetke iye bolıp, onda qaralg`an tiykarg`ı ma`selelerden biri okıw protsessine ha`zirgi zaman talapları tiykarında jan`a pedagogikalıq texnologiyanı engiziwden ibarat bolmaqta. Respublikamızdın` ha`zirgi da`wirdegi rawajlanıwı, keleshekte qanday bolıwı jas o`spirimnin` ha`r ta`repleme rawajlanıwına sonday-aq olardın` qanday da`rejede ha`r ta`repleme jetilisken insan bolıp jetilisiwinde o`zlerinde do`retiwshilik qa`siyetlerdi sin`dirgen insan bolıp jetilisiwlerine baylanıslı. Bazar ekonomikası qatnasıqlarının` ko`leminin` birden-bir ken`eyip atırg`an ha`zirgi ku`nde respublikamızg`a kelip atırg`an jan`a texnika texnologiyalar o`z isin jaqsı biletug`ın jetik maman kadrlardı talap etpekte.

Son`g`ı waqıtları bazar qatnasıqlarına o`tiw awıl xojalıg`ına, o`ndiriske, sanaat islep shıg`arıwg`a qanday da`rejede qıyınshılıklar keltirip atırg`an bolsa, bunday qıyınshılıqlar bilimlendiriw tarawına azda bolsa ta`sir etpekte. Son`g`ı waqıtları mekteplerdegi miynet sabaqlarında ag`ash materiallar, metall materiallar ha`m og`an sa`ykes okıw u`skenelerinin` jetispewshiligi bir-qansha sezilerli ta`sir etpekte.

Sonlıqtan da oqıwshılarg`a bazar qatnasıklarına o`tiw dawamında is bilermenlikke u`yretiw, paydalı o`nimlerdi islep shıg`ıw uqsag`an ayrıqsha talaplar qoyılmaqta. Usınday talaplardı orınlawg`a do`gerek jumıslarında jergilikli materiallardan paydalanıw u`lken a`hmiyetke iye. Bizin` respublikamız jergilikli ta`biyg`ıy materiallarg`a bay bolıp, usınday mol jergilikli materiallarımızdan paydalana almawımız keshirilmeytug`ın qa`te bolmaqta. Bul ha`zirgi zaman talaplarınan artta qalıw degendi bildiredi. .[1]

Bizin` ata-babalarımız, bizden aldın jasap o`tken a`wladlarımız o`zimizdin` jerimizde bar bolg`an materiallardan o`zlerine kerekli bolg`an xojalıq turmıs buyımların, saz a`sbapların jasay otırıp, kerekli orınlarg`a paydalana bilgen. Xalıqtı tanıtatug`ın onın` o`neri, ma`deniyatı, a`debiyatı, u`rp-a`deti bulardın` barlıg`ı adamnın`

o`zindegi ta`biyg`ıy talantı menen asatug`ın na`rseler bolıp tabıladı.

Bizin` xalqımız o`nermentshi sheber insanlar bolg`an, bunın` da`lili retinde muzeyde saqlawlı turg`an buyımlardı ko`rsetip o`tiwge boladı. Bular neshe jıllar o`tse de o`zinin` qunın jog`altpag`an buyımlardan, ha`r qıylı nag`ıslı buyımlar ha`ykel, sa`wkele, o`n`ir monshaq, sandıq, ergenek, tigilgen-toqılg`an zatlard`n` adam aqılına ug`ras kelmeytug`ın tan` qalarlıq sheberligin ko`rip tan` qalamız. Ha`zirgi bazar qatnasıg`ına o`tip atırg`an bir da`wirde usı o`nermentlerdin` islegen o`nimlerine talaplardın` artıp otırg`anın ko`remiz. Qolında o`neri bar jası u`lkenlerimizdin` isin dawam ettiriwshi jaslardı tartıwdı olarsız bazar qatnasıg`ınan tabıslı shıg`ıw qıyın ekenligin oqıwshılarg`a tu`sindiriwden ibarat bolıp qalmaqta. Bizin` xalqımız burınnan da milliy ko`rkem o`nerge bay xalıqlardın` birinen sanaladı. Olar o`zlerinin` a`wladtan-a`wladqa jalg`astırıp kelgen qolı gu`l ustalardın` do`retken buyımların kiyim kensheklerge salg`an nag`ısların ko`rip tan` kalasan`. Ata-babalarımız «O`nerlinin` qolı gu`l» «Ustalı el du`zeler» degen so`zlerdi biykarg`a aytpag`an. Ha`zirgi da`wirde jaslarg`a o`ner u`yretiw baslı wazıypalardın` biri bolıp esaplanadı.

Qol o`neri xalıqtın` ku`ndelikli turmısı menen tıg`ız baylanısta rawajlanadı ha`m jetilisedi. Qaraqalpaq qol o`neri do`retpelerin jasawda ko`binese jergilikli zatlar ju`n, paxta, saz ılay, ag`ash qamıs, jın`g`ıl, shen`gel, jeken ha`m basqa zatlardın` tu`rleri qollanıladı. .[2]

Ag`ashqa nag`ıs oyıw, toqımashılıq, gilemshilik, keste tigiw, gulalshılıq, teriden buyımlar islew, su`mekke nag`ıs oyıw qusag`an o`ner tu`rlerin bilemiz.

Bizin` respublikamızdag`ı jergilikli materiallardın` molshılıg`ı olardan qamıs, jeken, jın`g`ıl, shen`gel, ag`ash shaqaları barlıq jerlerde gezlesetug`ının bilemiz. Bul materiallardan sebetler toqıwg`a bolatug`ınlıg`ı belgili. Mısalı: Qamıstan shiyler bastırg`an, jekennen shıpta jın`g`ıl ha`m tal shıbıqlarınan ha`r qıylı sebet korzinalar sog`ıwg`a paydalanıp kelgen. Sonday-aq bulardan qurılıs materialları retinde de paydalang`an. Shiydi jaylardın` to`besin bastırıwda, potoloklawg`a u`ylerdi qorshawda paydalang`an, al jekennen shıptalar toqıp to`senish retinde paydalang`an.Ag`ashtan bolsa sonın` ishinde tut, jiyde, erik, alma

ag`ashlarınan saz a`sbapların soqqan. Jo`newit ag`ashınan qara u`yler, aq so`kitten bolsa arba gu`lshekeri degershikleri islengen. Demek bul materiallard`n` mug`darı bizin` respublikamızda jeterli bolıp, oqıwshılarg`a ka`sipler menen tanıstırıwda o`nermentshilikti u`yretiwde do`gerek jumıslarında u`lken a`hmiyetke iye bolmaqta.

## I. Bo`lim. Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı ta`biyg`ıy jergilikli materiallar ha`m olardan buyımlar tayarlaw.

### I.1. Ta`biyg`ıy materiallardan buyımlar tayarlaw usılları.

Sapalı jaqsı ag`ashlardan paydalanıp sog`ılg`an qaraqalpaqtın` qara atawın bizin` xalqımız ha`zirde ken`nen paydalanıp kelmekte. Qaraqalpaq xalqının` atawın on`n` ishin deqarativlik jaqtan bezeletug`ın ha`m de turmısımızg`a kerekli bolg`an nag`ıslap islengen olardın` bir qansha tu`rlerin, kompozitsiyalıq usılların, olardın` texnikalıq o`zgeshelikleri tuwrısında biz ko`p mag`lıwmatlarg`a iyemiz.

Bular tuwrısında I.V.Savitskiy o`zinin` bir neshe jıllıq alıp barg`an izertlew jumıslarında ko`rsetip bergen. Savitskiydin` miynetlerinde qarakalpaq xalqının` turmısında ko`p qollanılatug`ın ha`r qıylı nag`ıs u`lgileri ko`rsetilgen. Jaqın waqıtlarg`a deyin qaraqalpaklar yarım ko`shpeli xalıq bolg`anı ushın tez jıynalatug`ın, tez an`sat qurılatug`ın qara u`ylerden ken` paydalang`an. Qaraqalpaktın` otawı tuwrısında orta a`sirlerde shayırlar bir qansha qosıqlar aytıp da`stanlardı jırlag`an. Qara u`y tiykarınan u`sh u`lken bo`lekten (eger de ergenek esikti qospag`anda) turadı. Olar kerege, uwıq, shan`araq. Olarda a`sirler boyı atadan balag`a jetip kelgen xalıq qurılıs texnikasın`n` arxitekturalıq ha`m materiallardı tan`law usıllarının` en` joqarı du`rdana, hasıl jetiskenliklerin ko`remiz.

Qara u`ydin` keregesi jıynala alatug`ın kerege ag`ashının` ha`r biri bekkem o`giz terilerinen kesip alıp bir - birine qurastırg`an. Bir orınnan ekinshi orıng`a ko`shkende yamasa jıynap qoyg`anda keregenin` ha`r bir qanatın adam an`sat ko`tere alatug`ınday etip islegen. Keregenin` ko`zleri a`piwayı jipten bolmay, ol o`giz terisinen islengen. .[3]

Kerege qanatlarının` sanı u`ydegi jasawshı adamlardın` sanına qaray ha`r qıylı bolg`an. Ken` qanatlı u`yler ju`zlegen adamlar otırıp mereke-ma`jilisler o`tkeretug`ın orınlar bolg`an. Uwıqlar keregenin` basına baylanıp bir ushı shan`araqqa kirgiziledi. Uwıqlardın` to`mengi jag`ı 40 sm du`ziw shıg`ıp qalg`an jaqları ishke qaray iyilgen boladı. Du`ziw ketken ushları shan`araqtın` ernegindegi

arnawlı uyalarg`a barıp kiredi.

Shan`aran` gu`mbez formasın berip otawdın` ulıwma ko`rinisi a`jayıp boladı. Qara u`ydin` bunday arxitekturası xalıqtın` ko`p a`sirlik ta`jiriybesinen kelip shıqqan xalda onın` tiykarında xalıqtın` ekologiyalıq ja`ne aerodinamikalıq ta`jiriybesinin` bar ekenligine iseniwge boladı. Qara u`ydin` gumbezlengen to`besi jawg`an jawın ha`m qardı to`besine jıynamay tez to`menge jiberiw xızmetin atqaradı. Ekinshiden ku`shli bolıp turatug`ın dubeleyler samallar u`ydi ku`shli du`kpey onı orap aynalıp o`tiwine tiykar boladı. Bunday u`ydin` ha`r bir bo`legi bir wakıttın` o`zinde qurılıslıq ha`m de ko`rkemlik eki wazıypanı tendey atqaradı. U`ydin` shan`arag`ı kerege ha`m wıqqa qarag`anda juwanıraq boladı. Onın` do`n`gelengen tiykarg`ı bo`limin bekkem etip qurıw ushın atanaq formasında o`tkerilgen onlag`an ag`ashlardan ibarat boladı. U`ydin` shan`aragı juwmaklawshı en` joqarı bo`legi bolıp, og`an astarlı u`lken ma`ni berilgen. Bunın` tiykarg`ı sebebi jan`a u`ydi jan`a uylengen perzenti ushın u`y ko`terip ketken. Sonlıqtan da shan`araq ko`teriw jan`a sem`ya qurıw degendi an`latıp kelgen. Da`stur boyınsha qara u`ydin` ergenegin (esigin) usta emes, al ergenekshi oyıqshı isleytug`ın bolg`an. Ergenek bar u`yge ekew etip ma`ni jarma qapı ta`rizli etip islenedi. Ergenek barqulla u`ydin` ishine qaray ashıladı. Ergenek man`laysha tabaldırıq, shabaksha tayanısh degen bo`leklerden turatug`ın qapqa (karovkaga) ornalastırıladı. Ayırım u`ydin` manlayshalarının` u`stinde ha`ykel ag`ashlar ornatıladı. Bet jag`ında oyıqda jabıstırılg`an kishkene ko`riw aynalar ornalastıradı. Ergenek jabıq turg`anda sırtqı qarag`an beti juda` sulıw etip nag`ıslang`an. Bunın` tiykarg`ı sebebi ergenektin` bul ta`repi barlıq wak`tta ko`zge ko`rinip turadı. Ergenektin` jaqlawına nag`ıs salınbaydı. Ergenektegi nag`ıslar arasındag`ı taxtalarg`a salınadı. Ergenektin` nag`ıslang`an ko`zleri ha`mde aralıq taxtaları jaqlawg`a qarag`anda bir qansha ishke kirin`ki bolıp, ol nag`ıslardın` ha`r na`rsege su`ykelip bo`liniwinen saklaydı.

Bunday jag`dayda olardın` aralıg`ında (arasında) taxtaydan islengen mayda kezler boladı. Ayırım ergeneklerde mayda kezdin` ornında qep buwınlı nag`ıslap islengen ag`ash dizbeginde boladı. U`y buyımlarınan sandık juda` sulıw sanlı etip nag`ıslanadı. Sandıqlardı ustalar ha`r qıylı etip bezew berip islegen.

Bizin` xalqımız sandıktın` u`stine ha`r qıylı o`zinin` kerekli zatların jıynap qoyıw ishki betine buyımlardın` salıp qoyıw ushın paydalang`an. Sonday-aq nag`ıslap islengen buyımlar burın ko`binese aq taldan islengen, olarg`a oyma nag`ıslar, su`yekli nag`ıslar salıng`an. Nag`ıs salıwg`a tayarlawdın` ha`r kıylı tu`rlerinen ag`ashtı qaynatıw, keptiriw, ko`mip koyıw, muzlı suwda qaynatıw qusag`an tu`rlerinen paydalang`an. A`dette burın taxtaydın` betine nag`ıs salmastan burın maldın` bawırı menen kon`ır qızg`ılt ren`ge boyap onın` ren`in o`zgertip turıw mu`mkinshiligine iye bolg`an. .[3]

Ag`ash ustashılıg`ınan tikkeley baylanıslı xalıq o`nermentlerinin` biri saz a`sbapların sog`ıw. Ayırım jag`dayda jırawlar, baqsılar, sazendeler, saz a`sbapların o`zlerinin` dawısına qarap o`zleri du`zetip alg`an. Og`an mısal ataqlı Qıyas jıraw o`zine ılayıqlı qobızdı o`zi soqqan. Arqa rayonlarg`a belgili bolg`an Seytiniyaz usta saz a`sbabı menen duwtardı qurama etip soqqan. Qurama duwtar tut ag`ashının` yamasa shen`geldin` bir qıylı juwanlıktag`ı ilmek tayaqlarınan islegen. Duwtardın` qundagı menen da`stesinin` aralıg`ı (moyını) kundag`ının` shetleri su`yek penen nag`ıslanıp onın` forması jag`ınan adamdı o`zine tartıp turatug`ın bolıp islenip kelingen.

Qaraqalpaqsha moynı su`yek penen nag`ıslang`an a`sheko`ylep islengen duwtardı «ala moynaq duwtar» dep ataydı. Ataqlı Bekturg`an usta oyma duwtarlar soqqan. Ol erik ha`m jiyde ag`ashının` ko`p jasag`an to`mengi betinen kesip alıp onın` ishin oyıp islegen bul su`yekti duwtardın` moynınan basqa da da`stesine, qaqpaqtın` ernegine de qoyatug`ın bolg`an.

Ha`zirgi wak`pta oyma duwtardı sulıw nag`ıslap o`zimizde esip turg`an qara ag`ashtan Ali usta, Qarlıbay usta, Jalg`as usta, Qonısbay ustalar sog`ıp shıg`armaqta. Qarlıbay usta duwtardı aytıwshının` lapızına qarap sa`ykeslep soqqan. Bulardan basqa da bizin` usta ershilerimiz attın` erin juda` sa`nine keltirip islegen. Aq baslı at erdin` tiykarı ag`ashtan islenilip, onın` sırtkı betleri, yamasa teri menen kaplanadı. Bekkem bolıwı ushın ag`ash penen sherim ortasın sin`irdi kaynatıp jelimlep jabıstırgan. Erdin` basına ha`r turli bezewler berilgen. Erdin` astına salınatug`ın jon`qada teriden islenedi, onın` astın`g`ı eri kiyiz

bolıp, jon`qanın` ernekleri ha`r kıylı jipek sabaklar menen kestelep nag`ıslar salınadı. Sonday-aq teriden islengen tebinginin` de betine oyma nag`ıslar salınadı. Tebingi erge qaplastırıladı ol o`zenginin` (ayaq salatug`ın) tusında ornalasadı. Ol attın` eki bawırı o`zengige enshilmesligi (qırılmaslıg`ı) ushın paydalanıladı.

Tebingi bir tutas kalın` o`gizdin` terisinen isleniledi. Onın` olshemleri 35x40 sm dogereginde boladı. Sonday-aq ata-babamız teriden bir qansha buyımlar gewishler, etikler ma`siler islegen. Bulardın` islegen jumıslarının` keleshek a`wladqa u`yrenip barıwımız en` a`hmiyetli bolıp tabıladı.

## 1.2. Milliy nag`ıslar haqqında ulıwma tu`sinikler.

Qaraqalpaq qara otawın du`zew ushın paxta jibinen ju`nnen ha`r qıylı buyımlar islegen. Olardan nag`ıs salıp islegen buyımlardın` barlıg`ı u`ydi bezew ushın qollanılg`an. Olardın` uzınlıg`ı, eni, betine nag`ıs salıw texnikası ren`i qollanılatug`ın nag`ısları belgili bir u`lgige iye bolg`an. Tiykarınan u`y quralları eki turge yie boladı. Bulardın` bir tu`rine aq basqur, beldeỹ bel jipler kiredi, ekinshi turi tuksiz palas turinde toqılıp islengen. Bularga kızıl basqur, qızıl qur, akq qur, turkmen qur, izbe dizbe x.t.b. Bulardın` barlıgıda qara u`ydin` beleklerin biriktirip bekkem uslap turıu ushın kollanıladı.

Aq baskur bulardın` ishindegi en` sanlısı xa`m de u`lkeni. Onın` eni 40-45 sm, al uzınlıgı 12-13 m bolıp keledi. Onı otaudın` jokarıga keterilip, uıkları shanshılıp bolg`annan keyin uıqtın` sırtkı jagınan bugilgen jerinin` tusınan nag`ısın u`ydin` ishine qaratıp, tartıp baylaydı. .[4]

Bel jip aq baskur sıyaklı nag`ıslı ishke qaratılıp, biriktirilgen keregelerdi bekkem etip tartıp kısıp turadı. Al belbeu bolsa keregenin` sırtınan shiy menen kaplangannan keyin bel jiptin` tusınan tartıladı. Kara u`y bu`yımlarının` ba`ri de xa`r qıylı o`lshemde paxta jibinen yamasa ju`nnen iyirip alıngan jiplerdi turlishe tokıladı. Sonday-aq u`y turmısında qollanılatugın alasha eshki juninen iyirip tokıladı. Bularga ha`r turli nag`ıslar salınadı. Nag`ıslar tukli gilem texnikasında islense «Shalma» dep ataladı. Bizin` Respublikamızda salma usılının` ken`nen tarqalg`an bir neshe tu`rleri bar. Bular terme, gajarı, bekkeste. hurdın` erisi bar rende al arqauı bolsa basqa rende boladı. Kerek jerinde erisinin, qabag`ın terip betine jiberiw arqalı nag`ıs payda etiledi. Bul usılda kızıl baskur, izbe, dizbeler tokıladı. «ajarı erisi bir neshe renli jipler tartıladı. Kerekli rendegi sabaktı joqarıga alıu arqalı nag`ıs alınadı. Bet jag`ı tegis nag`ıslı bolıp keledi. Sırtkı jag`ında nag`ısqa alınbag`an sabaqlar (jipler) «kur» dep atalınadı. Bas keste eristin` sabagının` ustinen jun sabaqtı orap jiberiw arqalı kestelewge uqsag`an usılda nag`ıs shıg`arıladı. Bul usılg`a aq basqurdın`, baskurlıq ko`p nag`ısları islenileді. Ata-babamız shugıllangan islep kelgen o`nerleri ko`p bolıp, olardı xa`zirgi jas a`wladlarımızg`a u`yretiw arqalı eski o`nerlerdi qaytadan tikleu bugingi kunnin`

baslı uazıypalarının` biri bolmaqta. Mısalı o`nermentshilik, temirshi ka`nshi, a`sirese kız balalar ushın sonday-aq er balalar ushın da awıllarda ko`p bolg`an jekennen shıpta tokıw, kamıstan shiy, kıyra boyra toqıw ju`nnen kiyiz basıw, ko`rpe-ko`rpesheler islew, bulardan basqa xalıktın`, milliy nag`ısları «Sırg`a nag`ıs», kerege nag`ıs, pashshayı nag`ıs, shiy nag`ıs, turkten nag`ıs bauırsaq nag`ıs, salaq nag`ıs h.t.b. .[6]

Qaraqalpaq xalqının` milliy nag`ıslarına tolıq toktap o`tsek «Kerege nag`ıs» (1-su`wret) bul qarakalpaktın` milliy nag`ıslarının` biri bolıp esaplanadı.

Kerege nag`ıstın` shetki jiyekleri shınjır tigis penen tigilip al ortang`ı



1-kerege nag`ıs

aralıg`ı ilme tigis penen tigiledi. Kerege nag`ıstı

parallel` eki sızıktın` aralıg`ına ornalastırıwg`a boladı. Kerege nag`ıstın` sırtqı ko`rinisi qara u`ydin` ko`rinisine uqsas keledi. Kerege nag`ıstı milliy kiyimler ha`m ha`r kıylı buyımlardı tigiwde paydalanıwg`a boladı.

«Pashshayı nag`ıs» haqqında aytatug`ın bolsaq (2-su`wret) tigiwde gezlemenin` tu`rlerin tanlap alg`annan keyin, sabaqtın` da tu`rleri tan`lap alınadı. Sonday-aq pashshayı nag`ıstın` sızılması da tan`lap alınadı.



2-su`wret pashshayı nag`ıs

Pashshayı nag`ıstı shınjır tigis ha`m ilme tigis penen tigiwgede boladı.

«Sırg`a nag`ıs» (3-su`wret) tigiwde gezleme sabaq tu`rlerin ren`lerin tanlap alg`annan keyin ha`m sızılması menen tanısqannan keyin tigiwge kirisedi. Nag`ıstın` sırtkı jiyeklerin shınjır tigis penen al ortan`g`ı bo`limlerin ilme tigis penen tigiwge boladı. .



3-su`wret sırg`a nag`ıs

Sırg`a nag`ıs sırg`a formasına iye bolıp milliy kiyim xa`m de buyımlardı tigiwde ken` tu`rde kollanıladı.

«Solaq nag`ıs» (4-su`wret) sırtqı jiyekleri shınjır tigis penen tigiledi. Solaq nag`ıstın` sırtqı ko`rinisi 3 ha`ribine uqsas boladı.



4-su`wret solaq nag`ıs

«Koshqar mu`yiz» nag`ıs (5-su`wret) atının` bunda aytıp tur, al koshqardın` mu`yizine (shakına) uksas bolıp keledi. .[7]



5-su`wret qoshqar mu`yiz nag`ıs

«Shiy nag`ıs» (6-su`wret) qaraqalpaq xalqının` milliy nag`ıslarının` biri bolıp esaplanadı. Shiy nag`ıs ko`binese xalqımızdın` qara u`yinin` sırtın kaplawshı shiylerine ko`birek salınadı. Sonlıqtan da bul  nag`ıstı shiy nag`ıs dep ataydı.



6-su`wret .Shiy nag`ıs.

Qara qalpaksha keste nag`ıs tigiw o`neri xalıq sheberliginin` tan, qalarlıq a`jayıp ulgilerine iye. Geypara kesteli kiyim, kiyimlerdin` bo`lekleri, nag`ıs tu`rleri olardın` ornalasıw kompazitsiyası, olardın` ren`leri basqa qon`sılas otırg`an xalıqlarg`a derlik ushıraspaydı desek qa`telespeymiz.

A`dette xayal-kızlardın` mereke-jıyınlarg`a kiyetug`ın xa`r qıylı kiyimleri burıng`ı waqıtlarda g`ana kollanılıp xa`zirgi waqıtta da turmısta ken` kollanıladı. Bulardın` arasında juda` sa`nli sulıw etip kestelenetug`ın o`zinin` ko`rkemligi boyınsha en` baxalı kız-kelinshekler ushın kesteli ko`k ko`ylek, kızıl kiymeshek, jen`siz xa`m jen` u`sh, jipek shapannın` jag`aları sa`wkelenin` xalkası, en`irshe xa`m basqa da kiyim bo`lekleri, sonday-aq orta jasqa barg`an xayallar ushın kesteli aq kiyimler (aq jegde, aq kiymeshek) bolg`an bizin` ata-babalarımız o`zinin` jasap o`tken da`wirlerinde temirden o`zinin` turmısına kerekli ha`r qıylı zatlardı ha`r kıylı ko`rinislerde jasap alg`an. Ol waqıttag`ı temirshi ata-babalarımızdın` tiykarg`ı kurallarına tas, ko`rik pech` ustanın` ha`r qıylı kuralları bolg`an. Temirshi ustalar o`zlerine kerekli bolg`an kurallardı o`zleri jasap alg`an. .[8]

O`z ustaxanasına ko`rik pech`ti o`zine ılayıklastırıp islep alg`an ustanın` bul ılaydan yamasa gerbishten paydalanıp sog`ıp alatugın bolg`an. Pech`tin` uzına 1,5-1,6 metr, al eni bolsa 1-1,2 metr bolg`an.

Pech`tin` ishindegi ottı u`rlew ushın a`piuayı ko`rikten paydalang`an. Ol ko`rik eshki xa`m koy terisinen islengen.

Olardın` yaki keriktin` ushı su`yir bolıp kelgen taxta edenge bekitilgen metall ushlı sharshar ta`rizli eki qaltashadan ibarat bolg`an

Ko`riklerdin` uzınlıg`ı esap penen 1,2-1,5 metr al bir kansha ken` diametri 50-70 sm shamasında bolg`an. Temirshi ustanın` tiykarg`ı kurallarınan balg`a yamasa sho`kkish bolıp, olardın` ha`r qıylı tu`rleri bolg`an. Olarg`a ag`ash saplar ornatılıp, olar uzın xa`m kelte etip islengen. Temirshi ustanın` bunnan basqa da kuralları ha`r kıylı ko`rinistegi egewlerden de paydalang`an.

Solay etip, temirshi ustalar usı atı atalıp o`tken kurallardan paydalana otırıp ha`r qıylı awıl xojalıg`ına kerekli kurallardı xa`m u`y ruwzıgershilik buyımların tayarlap turg`an. Olar pıshaktın, ha`r qıylı tu`rlerin, at tag`aların, jer su`retug`ın paznalar, shege bel, ketpenlerdi, ot orıw ushın oraq, shanıshqılar, balık, awlaw ushın ilme, qarmaq xa`m qoy eshkilerdin` terilerinen ha`r qıylı jipler islep kelgen.

Sonı da aytıwımız kerek, temirshilerdin` ko`pshiligi xojalıq ushın kerekli zatlar, atap aytkanda ateshkir, tawar kesetug`ın qayshılar, u`ydi kulıplaytugın kulıpılar, shash alatugın pa`kiler, kepkirler, bizler, etik nallerin h.t. basqalardı sog`ıw menen shug`ıllang`an. Usı atı atalıp o`tilgen xojalıq buyımların islewde temirdi kızdıra otırıp ha`r qıylı buyımlardı sog`ıp ko`rsete alg`an.

Bulardan basqa da zergershilik ustaları xayal-kızlardın` ha`r qıylı bezeniw zatların sonın` ishinde sırg`a, bilezik, ju`zik xa`ykel monshaq, o`n`ir monshaq ha`r qıylı tu`ymeler, tumarshalar, a`rebek, sa`wkele gilt baw ha`m basqa da bezew zatların islegen.

Bulardın` barlıg`ı burıng`ı waqıtları qoldan islengen xa`zirgi waqıtta barlıg`ının` da bir qansha mexanizatsiyalasqan tu`rleri shıqpaqta.

# II. Miynet sabag`ında do`gerek jumısların sho`lkemlestiriwdin` a`hmiyeti.

## II.1. Mektep oqıwshılarına do`gerek jumısların sho`lkemlestiriwdin` maqseti ha`m wazıypaları.

Do`gerek jumıslarında da miynet ta`limine koyılatug`ın tiykarg`ı wazıypalar koyıladı. Biraq ta bunda olardı orınlaw ushın sha`rt-sha`rayatlar bolıwı tiyis. Do`gerek jumısları bir jag`ınan qarag`anda klassta alıp barılatug`ın jumıstın` dawamı dep qarasaq, ekinshi ta`repten qarasaq oqıwshılardı miynetke tayarlaw mu`mkinshilikleri bir qansha ken`irek boladı.

Sonlıqtan da bunday do`gerek jumıslarına jumısqa jedel qızıg`ıwshılıg`ı menen katnasatug`ın oqıwshılardı saylap alsa do`gerek jumıslarının` mazmunı sabaqlardag`ı xızmet (jumıs) mazmunınan bir qansha basqasharaq boladı. Bul oqıw bag`darlamasında ko`rsetilgennen bir kansha qospalıraq wazıypalar koyıwg`a ha`m olardı iske asırıwg`a mu`mkinshilikler beredi. O`zbetinshelik qa`lewi boyınsha oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıg`ının` bir qansha joqarı bolıwın ta`miyinleydi.

Sonlıqtan da do`gerek jumıslarının` jumıs protsessinde miynet ta`liminin` tiykarg`ı wazıypaların orınlaw boyınsha jaqsı na`tiyjelerge erisiledi. Do`gerek jumıslarında oqıwshılar xızmeti bir qansha na`tiyjeli boladı. .[9]

Oqıtıw shınıg`ıwları mu`mkinshiligi barınsha bir qansha kemeyedi. Sonlıqtanda isleniletug`ın buyımlar (zatlar) okıwshılar miynet sabaqlarında iyelegen miynet ko`nlikpelerin esapqa alg`an jag`dayda tan`lanadı. Ha`zirgi waqıtta mekteplerdin` jumıs ta`jiriybesinde ha`r qıylı do`gerekler gezlesedi. Oqıw pa`nlerine baylanıslı ko`z qarastan do`gereklerdi u`sh toparg`a bo`liwge boladı.

Olar sol predmettin, (pa`nnin`) tikkeley baylanıslı bolg`an do`gerekler, pa`n aralıq do`gerekler ha`m predmetten tısqarı do`gerekler bolıp bo`linedi.

Predmetke (pa`nge) arnalg`an do`gerekler dep, birden-bir miynet ta`rbiyası menen baylanıslı bolg`an do`gereklerge aytıladı. O`z mazmunına qaray bul do`gerekler miynet sabag`ında oqıwshılar orınlag`an jumıslardın` dawamı biraq bunda okıwshılardın` xızmeti ja`ne de kospalıraq ken`irek boladı. Predmetke say

do`gereklerde oqıwshılar burın orınlag`an jumısların qaytadan qaytalamaslıg`ı kerek, sebebi oqıwshılarda qızıg`ıwshılıq pa`seyip baradı.

Predmetke (pa`nge) ılay`q do`gerekler qatarına «Ag`ashsazlıq, slesarlıq, tokarlıq, aspazlıq, tigiwshilik ha`m aralas do`gerekler kiredi. Ha`zirgi waqıtta pa`nge ılayıq bolg`an do`gereklerden ag`ashqa nag`ıslar oyıw, ha`r qıylı mebeller jasaw, tigiwshilik do`gerekleri, aspazl`q do`gerekleri mekteplerde sonday-aq metaldan buyımlar islew, tokarl`q do`gerekleri sho`lkemlestirilmekte.

Ayırım jag`daylarda oqıwshılar do`gerekke qızıg`ıp qatnassa da keyninen qatnaspay qalg`anlıqları belgili bolmakta. Bunday bolıwının` tiykarg`ı sebebi: do`gerek basqarıwshısının, (oqıtıwshının`) oqıtıwshılardan o`zinshe berilip kızıg`ıp islewdi do`retiwshilikti talap etetug`ın qızıqlı jumıslardı tan`lap ala almag`anlıqları tiykarg`ı sebep bolıp qaladı. Predmetke ılayıq do`gerekler ushın tan`lang`an jumıslardın` mazmunı oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıq tileklerine sa`ykes bolıwı tiyis. Miynet boyınsha do`gerek jumısları sonday sho`lkemlestiriliwi kerek, olar ha`r bir oqıwshının` su`yikli jumısına aylanıwı, onın` aqılıy, ruwxıy xa`m estetik sıpatların rawajlandırıwg`a ko`meklesiwi tiyis. Miynet boyınsha do`gerek jumıslarının` tabıslı bolıwı bir kansha faktorlarg`a baylanıslı boladı. Olardan miynet ta`limi oqıtıwshılarına, do`gerek jumıslarına qa`niygeli basshılardın` bolıwı, kerekli a`sbap u`skenelerge, materiallarg`a, materiallıq bazasına baylanıslı bolıwında bolıp tabıladı. Oqıwshılardı do`gerek jumısalarına qatnastırıwg`a to`mendegi ulıwma pedagogikalıq printsiplerge su`yeniw kerek dep oylaymız.

1. Ha`r bir oqıwshının` o`z tilekleri da`m qızıg`ıwshılıqların esapqa alg`an jag`dayda tiyisli texnika do`geregin ıqtıyarlı ha`m sapalı jag`dayda tanlay alıw:

2. Do`gerek jumısının` ja`miyetlik paydalı jumıslarg`a bag`darlanıwı. Bul bag`dar ma`mleket qarjıların tejep, u`nemli ha`m de ornı-ornı menen jumsawı, ha`m do`gerek ag`zaların o`z isinen ruwxıy qanaatlanıwın ta`miyinlep beriw:

3.Do`gereklerdin` do`retiwshilik xarakterge iye bolıwı. Bunda do`gerek ag`zalarında texnikalıq oylap tabıwshılıqtı, ha`r bir tapsırmanı orınlawg`a do`retiwshilik penen qatnasıwı menen jedelliligi ha`m jumıstag`ı o`z

betinshelikti rawajlandırıw mu`mkinshiligin beriw.

4. Do`gereklerdin` massalıq xaraterde bolıwı basqa do`gereklerge qatnasıwdı qa`leytug`ın ko`pshilik oqıwshılardı qatnastırıwdı na`zerde tutıw.

5. Do`gereklerge qatnasıw tilegin bildirgen oqıwshılardın` jeke o`zgesheliklerin ha`m qızıg`ıwların esapqa alıw.

6. Do`gerek jumısların mekteptin` oqıw-ta`rbiya wazıypalarına boysındırıw.

Bulardan basqa predmet aral`q do`gerek jumıslarında en` maqulı fizika-texnika do`gerekleri esaplanadı. Bul do`gereklerde oqıwshılar iskerliginin` mazmunı do`gerektin` o`z atınan da ko`rinip tur. Fizika-texnika do`gereklerinde oqıwshılardın` miynet ob`ektleri a`dette ha`r qıylı model`ler boladı. Bunda okıwshılar fizika kursında u`yreniletug`ın arnawlı nızamlıklardı mısallar menen anıqlawg`a muwapıq boladı. Bul bolsa tiykarların o`zlestiriwge ja`rdem beredi. Ekinshi jaqtan okıwshılar model` konstruktsiyası, onın` detalların tayarlaw texnololgiyasın islep shıg`ar eken, texnologiya bilim ha`m basqa da bilimler menen bayıp otıradı. Model` detalların jasag`anda olardın` a`meliy ko`nlikpeleri bekkemlenedi. Solay etip oqıtıw predmetinin` wazıypaları ten`dey ta`rtipte tabıslı alıp barıladı. Bul do`gereklerge bir waqıttın` o`zinde fizika ha`m miynet oqıtıwshıları basshılıq etse maxsetke muwapıq boladı. .[10]

Bunnan basqa da do`gereklerge sport texnika do`gerekleri jatadı. Olarg`a avto do`gerekler, avia do`gerekler, keme, raketa modellerin jasaw do`gerekleri jatadı. Oqıwshılar bul do`gereklerde islewde materiallarg`a islew beriwge xa`m olardın` maketlerine birden-bir baylanıslı bolmag`an, biraq buyımlardı tayarlaw protsessi oqıwshılar miynet sabaqlarında islegen miynet operatsiyalarına ko`p jaqlama su`yenetug`ın ko`plep jan`a bilimlerdi o`zlestirip aladı. Son`g`ı waqıtları mekteplerde oqıw kitapların remont etiw boyınsha kitap tu`plew do`gerekleri ko`plep a`melge asırılmaqta. Do`gerek jumısı tabıslı bolıwı ushın jumıstın` metodikalıq ta`repi de u`lken a`hmiytke iye. Do`gerek jumıslarının` metodikası ko`z-qarasınan qarag`anda do`gerek jumısının` du`zilisi ta`limdi sho`lkemlestiriw metodları ha`m formaları sıyaqlı ma`selelerge aytarlıqtay itibar beriw kerek. Aldın mekteplerdin` jumıs ta`jiriybesinin` ko`rsetiwinshe mektep ustaxanalarına tiykarlang`an do`gerek jumısının`

strukturası kombinan`iyalang`an (aralas) sabaq strukturasına jaqın boladı. Bug`an tiykarg`ı sebep ha`r qanday do`gerek sabaklarında bir qansha didaktikalıq ma`seleler iske asırıladı. Arnawlı miynet ob`ektin tayarlawg`a oqıwshılar do`gerek sabaklarınan go`zlengen tiykarg`ı maqset dep biledi. Sonın` ushın barlıq sabaqlardı sonday etip du`ziw maqsetke muwapıq bolıp ha`r bir sabaqta oqıwshılar paydalı miynet penen shug`ıllanıwı kerek. Biraq ta sa`l na`rse belgili miynet derlik o`nimli bolıp qalmay belgili maqsetke qaratılg`an do`retiwshilikte bolıwı kerek. Sonın` ushın a`meliy iskerlikti baslawdan aldın belgili bilimlerdi aktuallastırıw jan`a bilimler beriw, miynet ob`ektin konstruktsiyalaw ha`m onı tayarlaw texnologiyasın islep shıg`ıw menen baylanıslı do`retiwshilik ma`selelerdi iske asırıw kerek. Sanap o`tilgen talaplarg`a qaray do`gerek jumısları a`dette to`mendegi basqıshlardan ibarat boladı: Sho`lkemlestiriw basqıshı, bul aldıng`ı u`yrenilgen materialdı kaytalaw, ulıwmalastırıw ha`m sistemag`a salıw, instruktaj tu`sinik beriw do`retiwshilik ma`selelerin iske asırıw a`meliy jumıs ha`m juwmaqlawdan turadı.

## II.2. Do`gerek jumıslarında jergilikli materiallardan paydalanıp ha`r qıylı buyımlardı islew jolları.

Do`gerek jumıslarında oqıwshılar jumısın sho`lkemlestiriwdin` ha`r tu`rli formaları, frontal`, zveno, jeke formaları qollanıladı. Oqıwshılar jumısın sho`lkemlestiriwdin` qanday forması tan`lanıwı do`gerek jumıslarında aytarlıqtay dıqattı o`zine tartatug`ın miynet ob`ektlerine ko`p ta`repleme baylanıslı boladı.

Bunın` tiykarg`ı sebep do`gerek jumısları waqtında, bir wakıttın` o`zinde to`mendegidey eki jag`daydı esapqa alıwg`a tuwra keledi:

1. Ja`ma`a`t miynet en` u`lken ta`rbiyalawshı mu`mkinshiliklerge iye boladı.

2. Oqıwshılar o`z qızıg`ıwshılıqların kanaatlandıratug`ın ha`m o`z betinsheligin tolıq ko`rsetiwge mu`mkinshilik beretug`ın individual tapsırmalardı orınlawg`a umtıladı. Solay etip ta`rbiya ma`selelerin .[11]

oqıwshılar jumısın sho`lkemlestiriwdin` frontal` formasın mu`mkinshiligi barınsha ken` qollanıw tiyis. Oqıwshılardın` qızıg`ıwı ta`repinen qarag`anday bolsaq, individual formasınan ko`birek paydalanıw kerek. Do`gerek ag`zaları jumısın individuallastırıwg`a sonday na`rseler ja`rdem beredi, do`gerek jumıslarında bir tu`rli buyımlardı ko`plep shıg`arıwg`a qaratılmaydı. Bul do`gerek jumısının` a`hmiyetine qarama-karsı bolar edi. Sonın` ushın da buyımlar barlıq waqıtta o`zgertilip turıladı ha`m de tek bir eki danada islep shıg`arıladı. Ekinshi ta`repten bolsa miynet ob`ektleri sabaqlardag`ıg`a qarag`anda qızıqlıraq, kospalıraq bolıwı kerekligin esapqa alıw kerek. Sonlıqtan da olar ko`binese bir oqıwshı ushın kıyınshılıq qıladı ha`m miynetti sho`lkemlestiriwdin` ja`ma`a`t formasınan paydalanıwg`a tuwra keledi. Ayırım oqıwshılardın` jumıs ta`jiriybesi sonı ko`rsetedi miynet ob`ektlerin tan`lawdın` basqasha tu`rinin` barlıg`ın ko`rsetedi. Bunda oqıwshılar do`gerektin` basqa ag`zaları menen birgelikte qospalı buyımlar tayarlawda qatnasadı ha`m sol waqıtta o`zlerinin`, qızıg`ıwshılıklarına ılayıklı tanlap alıng`an basqa ob`ekt u`stinde de isleydi. Solay etip do`gerek jumıslarında oqıtıw formaları ha`m metodları jumıs bask`nshları menen o`z-ara baylanısqan dep juwmaq shıg`arıwı mu`mkin. Aldın`g`ı oqıtıwshılardın` jumıs alıp barıw ta`jiriybesin u`yreniw

na`tiyjesinde anıqlang`an bunday o`z-ara baylanıslı to`mendegi tablitsada ko`rsetiwge boladı.

| Oqıtıw metodları | Do`gerek jumıslarının` basqıshları | Sho`lkemlestiriw formaları |
|---|---|---|
| Gu`rrin` Tu`sindiriw<br>Gu`rrin` Tu`sindiriw | Sho`lkemlestiriw burın u`yrenilgen materialdı ulıwmalastırıw, ta`kirarlaw ha`m sistemag`a salıw | frontal`<br>frontal` |
| Demonstratsiyalaw ma`selelerin sheshiw Gu`rrin` tu`sindiriw Demonstratsiyalaw Shınıg`ıwlar<br>Instruktaj Ma`seleler sheshiw U`lgi boyınsha konstrukn`iyalaw | Instruktaj<br>Konstrukn`iyalawg`a yamasa model`jasawg`a ılay`q o`z betinshe tvorchestvolıq a`meliy jumıslar alıp barıw | Frontal` zvenolarga bo`lip individual` jumıslar sho`lkemlestiriw. |
| Texnikalıq tapsırmalar boyınsha konstruktsiyalaw O`z ideyası boyınsha konstruktsiyalaw an`sat jumıslar islew usılları gurrin` tu`sindiriw h.t.b | A`meliy jumıslar Juwmaqlawshı | Zvenolarg`a bo`lip individual` frontal` formalarınan paydalanıw. |

Joqarıda ko`rsetkenimizdey do`gerek jumıslarının` massalıq formasına lektoriyler, tematikalıq kesheler, islep shıg`ıw aldıng`ıları menen ushırasıwlar ko`rgizbeler, ekskursiyalar, olimpiadalar, ka`siptin` en` jaqsısın tan`law boyınsha o`tkerilgen konkurslar, konferentsiyalar ha`m t. b. kiredi.

Do`gerek jumıslarının` bul barlıq formaları ko`plep oqıwshılardı o`z

qatarına qosıwg`a ja`rdem beredi. Ta`jiriybenin` ko`rsetiwinshe do`gerek jumıslarının` massalıq formaları joqarı da`rejede na`tiyjeli bolıwın tastıyıqlaydı. Olar oqıwshılardın` ha`zirgi zaman islep shıg`arıw tiykarları tuwrasındag`ı ko`z-qarasın ken`eyttiriw olardı tu`rli ka`sipler menen tanıstırıw mu`mkinshiligin beredi. Ayırım jag`daylarda do`gerek ag`zaları ta`repinen o`z jumısların ko`rsetiw boyınsha da ko`rgizbeler islep shıg`ıp ko`rsetiledi. Ko`rgizbeler barl`q wakıtta ha`m waqtınsha boladı. Derlik ko`gizbeler barlıq waqıtta bolg`anı jaqsıraq. Bunday ko`rgizbelerde oqıwshılar jasag`an buyımların jıllar dawamında jıynap baradı. Bir qansha mekteplerde ha`r bir oqıwshının` o`zi tuwrasında belgili bir estelik kaldırıwı u`lken ta`ntanag`a aylang`an bunday estelik tek miynette g`ana emes, o`z-o`zine xızmet ko`rsetiw awıl-xojalıg`ınan da islewi mu`mkin. Jaqsı sho`lkemlestirilgen ko`rgizbeler ulıwma sol mekteptin` abıroyı boladı. Eger mekteplerde ko`rgizbe ushın arnawlı jayı bolmasa, waqtınsha ko`rgizbeler sho`lkemlestiriledi. Islep shıg`arıw aldıng`ıları menen alıp barılg`an ushırasıwlar jaqsı na`tiyjeler beredi. Biraq ta bunın` ushın tiyisli jumıslar alıp barılg`anda g`ana ol o`zin aqlaydı. Bul jumıs aldın`g`ıları yamasa usılardı sho`lkemlestiriw toparın du`zip alıwdan baslaydı. Ilg`allılar topar ushırasıwda ko`rip shıg`ıw maqsetke muwap`q bolg`an sorawlardı belgilep beredi. Sonnan keyin g`ana du`zilgen sorawlarg`a juwap bere alatug`ın qa`niygelerdi izlep tawıp aladı. Eger de miynet aldıng`ıları sol mektepti pitkergenlerden bolsa, ju`da` jaqsı boladı. Islep shıg`arıw aldıng`ıların ushırasıw katnasıwshılarının` sorawları tın`lawshılardın` tayarlıq na`tiyjesi menen aldınan tanıstırıp qoyıw za`ru`r. Son`ınan ta`sirli dag`azalar tayarlap beriledi. Kelgen miymanlar ushın do`gerek ag`zaları tayarlag`an estelik sawg`alarda tarlap koyıladı. Solay etip miynet aldın`g`ılar menen ushırasıwlar bir kansha tayarlıq jarısların sho`lkemlestiriwge baylanıslı boladı.

Tematikalıq keshelerge shaqırılg`an qa`niygelerdin` qatnasıwı menen oqıwshılardın` o`z ku`shi menen o`tkeriliwi mu`mkin tematikalıq kesheler a`dette ilimpazlardın`, aldıng`ılardın` tuwılg`an ku`nine, texnikalıq rawajlanıwdın` tarawındag`ı ullı waqıyalarg`a menen baylanıslı sa`nelerge bag`ıshlap

o`tkiziledi. Olimpiada ha`m konkurslar bir neshe tu`rde yag`nıy mektep, rayon, oblast` ha`m respublika ko`leminde o`tkiziledi.

Mektep ko`leminde o`tkiziletug`ın tu`rinde mekteptin` barlıq oqıwshıları qatnasadı. Rayon, oblast`, respublika ko`leminde o`tkeriletug`ın tu`rlerinde bolsa, bunnan aldın`g`ı turlarda jen`ip shıqqan oqıwshılar katnasadı. Solay etip olimpiada ha`m konkurslar oqıwshılardı katnastırıwı jag`ınan miynet ta`rbiyasına sa`ykes do`gerek jumıslarının` en` massalıq formalarınan esaplanadı. Konkurs ha`m olimpiadalar sho`lkemlestiriliwi jag`ınan ju`da` jaqsı tayarlıktı talap etedi. Olimpiada ha`m konkurslar oqıwshılardın` mektep bag`darlamaları ko`lemindegi bilim ha`m uqıp ko`nlikpeler bag`darın tekseriw ushın mu`mkinshilik tuwdıradı.

Joqarıda qarastırg`an barlıq pikirlerimiz miynet ta`rbiyası tiykarındag`ı do`gerek jumıslarının` jumıs wazıypaların to`mendegishe ko`rsetiw mu`mkin.

1. O`zlerinin` miynet ta`limi dawamında oqıwshılar alg`an bilimlerin, uqıp ko`nlikpelerin bekkemlew olardı ulıwmalastırıw ha`m de bunnan bılayda ken`eytedi.

2. O`nimli miynetke tiykarlang`an do`retiwshilik xızmetine oqıwshılardı qatnasıtırıw.

3. Ha`zirgi zaman islep shıg`arıw o`ndirisine tiykarlang`an o`ndiris tu`rlerine ko`z-qarasın ken`eytiw.

4. Ka`sip tanlawg`a bag`dar beriw ha`m tayarlaw.

5. Miynetke ha`zirgi zaman bazar qatnasıqları ko`z-qarasın qa`liplestiriw.

Biz qarastırg`an do`gerek jumıslardı sho`lkemlestiriw formaları do`gerek jumıslarının` barısındag`ı iske asadı. Do`gerek jumıslarında jergilikli materiallardan paydalanıp ha`r qıylı buyımlardı islew jolları. .[12]

Ha`zirgi da`wir talaplarına aldına qoyg`an maxseti jaslarg`a bilim tiykarların beriw menen bir qatarda qolınan is keletug`ın jetik insanlardı ta`rbiyalawdan ibarat. Bunday jetik qolınan is keletug`ın jaslardı jetilistiriwde ulıwma bilim beretug`ın mekteplerdegi miynet sabaqlarında do`gerek jumısların

jolg`a qoyıw u`lken a`xmiyetke iye. Ayırım sanası bir kansha rawajlang`an jas o`spirimlerdi miynet sabag`ının` oqıtıw bag`darlamasındag`ı materiallar okıwshılardın` qızıg`ıwshılıqların tolıq qandıra almaydı desek qa`telespeymiz. Onın` tiykarg`ı sebebi bag`darlamada ko`zde tutılg`an materiallar xa`m a`spab

qurallardın` jetispewshiliginde bolıp tabıladı. Sonlıqtan da jas o`spirimlerdin` miyneti, ka`sipke bolg`an kızıg`ıwshılıg`ı qanaatlandırıw ushın o`zimizde bar bolg`an jergilikli materiallardı do`gerek jumıslarında paydalanıp buyımlar islew ha`m de paydalı xızmetke qatnastırıwdan ibarat. A`sirler dawamında qaraqalpaklar arasında jergilikli ag`ash tu`rlerine paydalang`an ag`ash ustashılıq ka`sibi en` ka`dirli abroylı ka`siptin` bir tu`ri bolıp esaplang`an. Bunın` tiykarg`ı sebebi o`zimizdin` aymag`ımızda jergilikli ag`ash materiallarının` ko`p bolg`anlıg`ınan bolıp olardan paydalanıp o`zlerine kerekli zatların sog`ıp alıp otırg`an.

Ag`ashtan buyım sog`ıwshılar o`zlerinin` soqqan zatlarına karay otırıp bir qatar qa`niygeliklerge bo`lingen. Mısalı: Kara u`y sog`ıwshını u`yshi, onın` ergenegin sog`ıwshını ergenekshi, sandıq sog`ıwshını sandıqshı, at erin sog`ıwshını ershi, xa`m t.b. dep atag`an. Ag`ash ustashılıg`ında kerekli a`spab u`skeneler qollanılg`an ag`ash su`rgilerdin` payda bolıwına deyin o`zgeshe qural bolg`an ag`ash «shot» ayırıqsha a`hmiyetke iye bolg`an, ol ag`ashtın` betin tegislep shawıp alıp taslaw ushın ken` qollanılg`an (8 su`wret).



7-su`wret Shaba-shot

Shot universal` qural bolıp, ol ketpen ta`rizli formag`a iye bolg`an. bunın` ja`rdeminde ag`ashtın` putag`ı orınların alıp tegislegen ha`m kol pıshkılardan paydalang`an. Ayırım buyımlardı arbanın` shıg`ırdın`, gu`ndenin` detalların sog`ıw ushın saylap alıng`an ag`ashlardı puwlarg`a tutatug`ın bolg`an. Olar arnawlı pechlerde iske asırılg`an ha`m onın` bekkemligin asırawdın` ha`r qıylı jolların islegen. Puwg`a yamasa qaynatılg`an ag`ashlardı du`ziwlew ha`m islewde arnawlı qurallardan paydalang`an. Ko`pshilik ata - babalarımız ha`r qıylı awıl-xojalıq qural-saymanların: gunde, mala, shıg`ır, qayıq, shıg`ırshıq xa`m t.b. sog`ıp otırg`an. Bulardan basqa turmıslıq buyımlar keli-kelsap, besik, sandıq, shana, tabaq, qasıq, sharıq xa`m basqada u`y da`skelerin soqqan. Ag`ash arba ustalardın` sog`atug`ın zatlarının` ishindegi en` kızıqlısı bolıp tabıladı. Arba qaraqalpaklardın` materiallıq ma`deniyatının` en` eski elementlerinin` biri. Arbanın` do`n`gelekleri menen bo`lekleri ha`rqıylı ag`ashlardan islenilgen. Arbanın` degershiginin` biyikligi 2,5-3 metrge deyin bolıp biyikligine qaray eshek arba, at arba dep atag`an. Bulardın` bunday atalıwının` sebebi: at arbag`a at qosqan, eshek arbag`a eshek, arbag`a egiz qosqan. Ag`ash arbalardın` barlıq elementleri shegesiz ha`m basqada temir katırg`ıshlarsız o`z-ara biriktirilgen bolıp ag`ashtın` bekkem etip qatırıp qoyg`an. [13]

At arbanın` uzınlıg`ı u`lken bolıp, degershigine bir qansha qalın`, jalpaq taqtasha kiygiziledi. Degershikke temir kursawdın` ornına ag`ashtan sına shege qag`ıladı bul degershiktin` jeliniwinen saqlaydı. Arbalardı sog`ıwda jergilikli ag`ash materiallardan tal, qaraman, aq tal, erik, jiyde ha`m t.b. tu`rlerinen ken` paydalanıp kelgen. Arbanın` detalların ha`r qıylı ag`ashlardan isleydi Mısalı: arbanın` gulshek qarmannan, toran`g`ıldan, aq sokitten, arısın, al taxtasın aq taldan islegen. Gulshekti islewde onı birqansha wak`gg suwda qaynatadı.

Awıl xojalıg`ında paydalanılatug`ın gunde, ag`ash gundeden xa`m paznadan turadı. Gunde jer su`riwde paydalanılıp ol jiyde, erik, tut ag`ashınan sog`ıladı. Bunın` ushın bir qansha tuwrı mu`yeshlilew bolıp kelgen iymek ag`ash tan`lanadı. Gundenin` oq ag`ashı moyıntırıkka biriktiriledi. Gundeni jiyde, erik, tut ag`ashınan sog`ıwının` sebebi: bul ag`ashlar o`zinin` bekkemligi kattılıg`ı shıdamlıl`q

ka`siyetleri menenbasqa ag`ashlardan ayırılıp turadı. Ata-babalarımız jergilikli ag`ash materiallardan paydalanıp suwda ko`teriw ushın shıg`ırlardan paydalang`an. Shıg`ır birqansha ko`p bo`leklerden turıp, xalıq awızında shıg`ır bir mın` bir bo`lekten islenedi degen so`zler bar bolıp shıg`ırdın` tiykarg`ı belekleri jergilikli materiallardan toran`g`ıl, qaratal ag`ashınan degershiginin` ko`sheri ha`m tisleri qattı ag`ash tut, erik ag`ashınan islenedi. Shıg`ırlar u`lken shıg`ır, orta shıg`ır, kishi shıg`ır bolıp bo`lingen. U`lken shıg`ır 32 guzesi bolıp, ha`r bir yarım minut ishinde (2,84 metr) terenliktegi 6-9 shelek suw mug`darın shıg`arg`an.

Orta shıg`ır 25-27 gu`zesi bolıp 2,13 metr teren`likten suw shıg`arg`an. Kishi shıg`ırlar 15 gu`zesi bolıp 1,5 metr teren`likten, minutına eki shelek suw shıg`arg`an. U`lken shıg`ırg`a tu`ye, orta shıg`ırg`a at yamasa egiz, kishi shıg`ırg`a eshek kosılg`an.

Bunnan basqada qarakalpaklar ko`llerden balıq awlaw ushın qayıq (keme) soqqan. Bulardan basqada ag`ashtan tabaklar qasıklar soqqan bolıp yarım ko`shpeli turmıs keshirip kelgen xalıklardın` turmıslıq zatlarının` biri keli-kelsap bolıp onıda joqarı klass oqıwshıları do`gerek jumıslarında orınlawı mu`mkin, tiykarınan kelinin` eki tu`ri bolıp, olar jalpaq keli ha`m de sopaq keli bolıp bulardı katta ag`ashtan islegen ha`zirgi kelinin` en` ken` tarkalg`an tu`ri (9 su`wrette ko`rsetilgen) bolıp onda juwan ag`ashtın` ortasın kashaw ja`rdeminde qashawlap onın` ayag`ı ha`m keyninen ishin tegis bolıwı ushın kırg`ı menen tegisleydi. Sebebi onın` beti tegis bolsa bizin` maydalanatug`ın ju`weri, shalı ha`m basqada da`n o`nimlerin maydalawda taza jumıstın` sapalı jaqsı boladı.



8-su`wret Keli-kelsap

Kelige arnalg`an kelsaptı jiyde, erik, tut ag`ashlarınan islegen ha`zirgi waqıttada keli menen kelsap ken` kollanılmakta. Keli-kelsaptı sog`ıwda ha`zir Ayap usta Usenov u`lken jumıslar islep xalıktın` talapların orınlap kelmekte. Bulardan basqada do`gerek jumıslarında u`y turmısında ken` qollanıp kelgen gubi ha`m piskek bolıp onın` eki tu`rde isleniledi. Olar oyma ha`m qurama gubi dep ataladı. Bul ekewininde biyikligi 0,8-1 metr bolıp al onın` aynalası kelige qarag`anda kishirek bolg`an olardın` tu`binin` ha`m jokarısın jarılıp ketpewi ushın temir qursaw menen bekitip qoyg`an. Sebebi onın` bekkemligi joqarı boladı.

Bizin` ata-babalarımız o`zlerine kerekli bolg`an saz a`spablarında soqqan sonın` ishinde qobızdı oyıp xa`m qurastırıw jolı menen tut ag`ashlarınan islewge boladı.

Bunnan basqada qaraqalpaklardın` saz a`spabları: sırnay, sıbızg`ı, girjektide, duwtardıda o`zimizdin` jergilikli ag`ashlardan soqqan. saz a`spabların sog`ıw ushın tiykarınan to`mendegi kurallardan paydalang`an. Olar tez ag`ash, egewler, tik jarg`ı pıshqı, balta iskenje, qashaw, sho`kkish ha`m ha`rqıylı bizlerden a`sbaplardan paydalanadı. Ata-babalarımız mal sharwashılıg`ı menen

shug`ıllang`anlıqtan olar o`zlerinin` u`ylerinde qoy, eshkiler saqlag`an, usı koy eshkilerdin` ju`nlerinen u`stki ha`m ishki kiyimler, to`sek kiyiz, alasha xa`m basqada ha`r qıylı u`y da`skelerin islep kelgen. Bizin` xalkımızdın` turmısında kiyiz ha`m qiyiz zatların islew u`lken a`xmiyetke iye boldı. Sonlıqtanda kiyiz basıw ha`m onnan kerekli zatlar (buyımlar) islew burın ken` en` jayg`an bolıp kiyizden qara u`ydin` u`stin japtı (bastırdı) onnan to`sek retinde paydalanıldı ha`m t.b. ushın paydalandı. Kiyiz basıwshını shapshı dep atag`an. Kiyizdi basıw ushın onın` u`lken kishiligine qaray otırıp 3-7 adam kerek bolg`an kiyizge nag`ıs salıng`an bolsa, onı tekimet dep atadı. Nag`ıssız kiyizdin` aq, qara, su`r tu`rleri boladı. Kiyizdi basıw ushın en` da`slebinde kerekli bolg`an ju`nlerdi jıynap ju`ndi shiydin` u`stine jayadı aldın ala tazalap shan`ın ketirip sabaw menen sabap tutip aladı. Sabag`an ju`ndi kamıs shiydin` u`stine bir tegis etip jayıp belgili kalınlıkta ju`n saladı, keyin ala  nege paydalanıwına qarap ju`nlerdi de saylap aladı.

Bunnan keyin jayılg`an ju`nnin` u`stine ıssı qaynag`an suw serpilip shıg`ıladı xa`m onı sırtındag`ı shiy menen kosıp oray baslaydı, oralg`an shiydin` 4 adam ha`r ta`repinde eki adamnan oralg`anda arman-berman tarta baslaydı xa`m usı waqıttada ıssı suwdı sebelep turadı da bir kansha domalatqannan keyin onı tigine qoyıp tag`ı ıssı suw quyadı ha`m tag`ı domalatıp keyinen kiyizdi shiyden ajıratıp aladı xa`m kiyizdi qaytadan oraydı shapshı ha`m onın` ja`rdemshileri bilek penen qamır jayg`anday etip arman-berman domalatıp basadı. Na`tiyjede birqansha qattı boldı degenge deyin usı turde isley beredi, bolg`an kiyizdi jayıp keptiredi. Gezleme ushın eshkinin` tu`biti ha`mde tu`yenin` ju`ni en` joqarı bahalanadı. .[14.15]

A`dette paxtadan ha`m de ju`nnen iyiriw arqalı jipler alınadı. Onı iyiriw ushın a`piuayı urshıqtan paydalanıladı. Tayarlang`an  jiplerden ayaq kiyimler menen u`sti kiyimlerdi toqıp tayarlawdı u`yretip kelgen.

Do`gerek jumısları waqtında paydalanıwg`a en` kolaylı jergilikli materialardın` bir tu`ri «ılay» bolıp onnan ha`rqıylı buyımlar: kum, tas gu`ze, shıg`ır gu`ze, badıya tabaq, tas shıra, tandır, tu`bekler soqqan. Jası u`lken atalarımızdın` ga`p etiwine na`zer taslasaq ılaydan 62 turli buyımlar islengen, xa`zirgi wak`pta bunnan birneshe ese

ko`p buyımlar islenedi. Sog`ılatug`ın zatqa qaray ılay (saz soka) tan`lap alıng`an. ılaydan a`piuayı gerbishler ha`m jaylardın` paxsaların salg`an. Da`slebinde ılaydı tayarlag`anda og`an azg`antay qum, jeken to`zag`ı yamasa koy-eshki ju`nin aralastıradı. Ol aralaspanı suw menen aralastırıp onı kayta-kayta awdarıp, shappatlap, ayaq penen basıp, tokpaklap pisiriledi. Ilay qansha jaqsı pisirilse onnan jasalg`an buyımda jaqsı boladı, ha`m shıdamlı bolıp  jarılmaydı. Ilaydan buyım islewshini gulalshı dep atag`an. Onın` arnawlı aylandırıwshı a`spab u`skenesi boladı. Gulalshı usta gulal buyımdı islewge kiriskende a`spabtı aldına alıp onı ılay menen qosa aylandıradı. Gulalshı o`z stanogın ayag`ı menen aylandıra otırıp, u`stindegi ılaydı kısıp kerekli formag`a keltiredi ara-tura buyımdı qolı menen suwlap turadı. Pitken buyımdı arnawlı orında ku`ydiredi ha`m onın` sırtına ha`rkıylı nag`ıslar saladı. U`lken kum ıdıslar to`mendegishe isleniledi. (10 su`wret). Da`slebinde to`mengi ha`m de joqarı jakların o`z aldına islep aladı qosımsha jakların islep bir-birine biriktiredi. Bunnan keyin ishki ha`m sırtqı jaklarına ılay jag`adı ha`m o`zimizde ushırasatug`ın qarabaraqtan paydalanıwg`a boladı.



9-su`wret qum ıdıs.

Jıynalg`an ku`ldi kum qosıp suwda aralastıradı, bunnan keyin kumbızda pisiredi. Pisiriwdin` barısında ol tek tas tu`rine keledi. bunnan keyin onı arnawlı kelide tu`yedi, digirmanda tartıladı ha`m kerekli un alınadı. Bul alıng`an untaq alınatug`ın boyawdın` barl`q tu`rlerinin` tiykarı bolıp, onı sırsha dep ataydı. 18 gramm sırshag`a bir

kilogramm biyday unı suwda aralastırıladı. Bunnan keyin bul aralaspanı qazanda kaynatıp sırt betine jag`adı ku`ydiredi sırtına nag`ıslar saladı.

Ha`zirgi waqıtta do`gerek jumıslarında biz joqarıda qısqasha toqtap o`tken o`z Respublikamızda ken` ushırasatug`ın jergilikli materiallardan paydalanıp o`zlerimizge kerekli bolg`an buyımlardı tayarlap alıw mu`mkinshiligine iye bolatug`ınlıg`ın islew usılları arqalı mısallar keltirilip o`tiledi. Bul arqalı do`gerek katnasıwshıları o`zimizdegi materiallardan kanday zatlar islewge bolatug`ınlıg`ın bilip aladı ha`m o`z qolı menen islewdi u`yrenedi. .[16]

Shiy tog`ıw ha`zirgi waqıtta awıllıq mekteplerdin` kasında do`gerek jumısların o`tkeriwde shiy toqıw bir kashta jaqsı iske asatug`ın bolıp oqıwshılardın` qızg`ıwshılıg`ın arttıratug`ın jumıslardın` biri bolıp esaplanadı. Shiy toqıwg`a qızlarda ha`m er balalarda qatnasıwı mu`mkin. Bunın` tag`ı bir artıqmashlıg`ı bug`an 6-8 bala qatnasıwı mu`mkin. Burında, ha`zirde awıllıq jerlerde qamıstan ha`r qıylı shiyler, boyralar toqıp o`z ıxtiyajlarına paydalanıp kelmekte. Bizin` respublikamızdın` territoriyasında qamıstın` mug`darı ko`p ushırasadı qamıstan otın retinde ha`m ot-sho`p sıpatında ha`mde xojalıq jumısları ushın paydalang`an bolsa onı qurılısta da qollanadı. Mısalı: qamıstan mal qoralar, jaydın` to`besin bastırıwda, jaydın` tırnag`ına paydalanıladı. Qarakalpaq xalqı shiydin` bir-qansha tu`rlerin toqıg`an. Kamıstan ha`rqıylı maqsetlerge arnalg`an shiyler, shiydekler, boyralar, qıyralar toqıg`an. Shiy toqıw protsessin aldın ala qamıstı tayarlap alıwdan baslang`an. Onın` ushın jaqsı shiy toqıwg`a jaramlı ortasha juwanlıqtag`ı qamıslardı orıp jıynawdan baslaydı. A`dette qamıstı gu`zde qamıs qatqannan keyin oradı. Orılg`an tayarlang`an qamıslardın` sırtqı qabıqların alıp tazalap aladı. Qamıstı toqıwdan aldın birneshe saat yaki ku`n dawamında suwg`a salıp qoyadı bunın` sebebi qamıstın` mortlıg`ın to`menletedi.

Shiy toqıwda tasqa kerekli bolg`an jip oralıp bulardı tiykarına qoy eshkinin` ju`ninen iyiriw arqalı paxta jibinen paydalanıladı burınları kendirdin` qabıg`ın alıp onnan jip esiw arqalı toqıp kelgen.

Shiy toqıw ushın arnalg`an arnawlı qurılma bolıwı kerek bolsa bunday qurılma eki baqannın` u`stine ornatılg`an yamasa eki ag`ashqa bekitilgen du`ziw ag`ashtan

ibarat bolıp onın` biyikligi oqıwshıların` boylarına ılayıq saylap alınadı yag`ınıy oqıwshının` beline keliwleri kerek (11[a] su`wret).



10-su`wret Shiy toqıw

Bizin` toqılatug`ın shiyimiz qansha jip penen toqılıwına qaray ortadag`ı ag`ashtın` eki ta`repinde sonsha oqıwshı bolg`anı maqul. Shiydin` bekkemlik da`rejesi usı jiplerdin` bekkemligine ha`m qanday aralıqta alınıwına baylanıslı boladı. Aytayıq toqılatug`ın shiyde 7 jip penen toqılatug`ın bolsa, ol jiplerdin` ha`r birinin` eki ushına awırlıg`ı 0,7-1 kilogrammg`a shamalas awırl`q dep atalatug`ın ılaydan keptirilip islengen domalaq awırlıq baylanadı. Egerde jiptin` uzınlıg`ı uzın bolsa onda awırlıqta an`sat sheshiletug`ınday etip orap koyıladı. Aldınan jibimizdi dal ortasınan paydalanıp atırg`an kurılmamızdın` u`stine sa`ykeslep koyıp eki ushın eki jaqqa tu`sirip kerki turatug`ınday etip ornatamız (11[a] su`wret).

Egerde shiy 7 jipten paydalanıp toqılatug`ın bolsa onda kurılmanın` ha`r ta`repine 7 oqıwshıdan turıp (xa`mmesi bolıp 14 oqıwshı boladı). Ag`ashqa bekitilgen jiptin` u`stine bir qamıstan a`kelip koyıladı. (11[b] su`wret)

Bunnan keyin birinshi, ekinshi, u`shinshi, to`rtinshi, besinshi, altınshı turg`an okdapılar bir ta`repten ekinshi ta`repke awırlıqka baylang`an jiplerdi qarama-qarsı ta`repke a`keledi. Bunnan keyin ekinshi qamıs a`kelinip koyıladı keyin ha`r ta`repindegi oqıwshılar o`z ta`repindegi jipti karma-karsı ta`repke tu`siredi keyin qarsı ta`reptegi oqıwshılar ekinshi ta`repke o`tkizip otıradı. Bunnan keyin u`shinishi ta`reptegilerde qamıs a`kelip koyıp joqarıdag`ı ta`rtipte

kerekli uzınlıqqa deyin toqıwdı dawam ettiredi. Jiplerdi de shiydi qanday enlilikte toqıwımızg`a baylanıslı ornalastırıp alamız. Ensiz toqıytug`ın bolsaq jiptin` sanı azıraq enli bolsa ko`birek jip paydalanamız. Belgili o`zin`izge kerekli uzınlıqqa deyin toqılıp bolg`annan keyin jiplerdi awırlıqtan jazdırıp jiptin` son`g`ı eki ushın bekkem etip baylap qoyamız. Toqılg`an shiylerdin` eki ushın du`ziwlep qırshıladı ha`m kerekli orınlarda paydalanıladı. (P$^{g}$ su`wret).




11-сүўрет. Шый тоқыў.

Toqılg`an shiyler qara u`ydin` sırtın orap koyıw ushın jaydın` to`besin shiylewde ayırım orınlardı bo`liwde ha`m t.b. jerlerde ken` paydalanıladı. Shiy qara u`ydin` esigi ushında arnawlı toqıladı. Esikti shiyden toqıwdada burıng`ı toqıw usılına uqsas bolıp keledi. Shiydin` nag`ıslı etip toqılg`anı jez shiy dep ataladı. Onı jez qamıstan toqıydı. Jez qamıs bir qansha qattı bolg`anlıqtan ol birqansha bekkem boladı. Shiydi u`lken nar qamıstanda toqıydı ha`r bir qamıs du`ziw bolsa bizin` toqılg`an shiyimzdin` ko`rkisi jaqsı boladı ha`m onı paydalanıwda ju`da` qolaylı bolıp keledi. .[17]

Shıpta toqıw respublikamızda en` ko`p iyeleytug`ın jergilikli materiallardın` biri jeken bolıp, ol kaldıq suwlarında, izeykeshlerde, ko`llerde ken` tarqalg`an. Ata-babalarımız jekennen paydalanıp to`sek retinde shıpta toqıp paydalang`an. Shıpta toqıw ushın en` birinshi gezekte suwdın` ishindegi o`sip turg`an onın` baldag`ı juwan jekenlerdi orıp onı keptirip paydalang`an. Jekendi olardın`

japıraqların baldag`ınan ayırıp aladı ha`m olardı birneshe ku`n dawamında suwg`a salıp qoyadı.

Shıptanı toqıwda da qız - balalar ha`m er balalarda toqıp u`yreniwi mu`mkin. Shıptag`a uzın jekenler aldın ala tayarlanadı. Burıng`ı waqıtta ag`ash pollar bolmag`anlıktan shıptanı kiyizdin` astına to`sep onı ızg`ar o`tkermew ushın paydalang`an. Shıpta toqıwda shiy qurılması belgili aralıqta eki ag`ash qada qaqılg`an ag`ash kazıkka baylap qoyıladı (11 su`wret).




12-сүўрет Шыпта тоқыў.
а - тоқыўға таяр қурылма
б - қурылманың қаптал көриниси
в - таяр шыпта

Suwg`a basıp qoyılg`an jekennin` to`mengi juỹan pahalının` eki jup qatlamın sılıp tal dep atalg`an, juqa qabıq qatlama bolıp alınıp onnan jin`ishke shıjım jipler esip alınadı. Bulardan basqada ju`n ha`m kendir jiplerinende paydalanıw mu`mkin. Bundag`ı jiplderdin` sanı shiyge qarag`anda birqansha tıg`ızıraq etip aralastırılg`an boladı. ($12^b$ su`wret).




Ol usı ayırıqshalıg`ı jag`ınan shiyden ajıralıp turadı. Jipler shama menen 5-10 sm aral`qta baylap tartıladı. Shıptanın` enine karay jiplerde ha`r qıylı baylanadı. Tartıp qoyılg`an jiptin` u`stine oqıwshılardı jayg`assa ha`mmesi toqıwg`a qatnasadı.

Suwg`a salıp qoyg`an jekendi oqıwshılar birimlep alıp kelip otıradı. Bir ushınan baslap bir retinde jekennin` tu`p betinen ekinshi retinde ushınan bir jiptin` u`stinen ekinshi jiptin` astınan o`tkerip usı ta`rtipte qaytalanıp bir oqıwshı jekendi ekinshi oqıwshıg`a o`tkerip otıradı. Usı ta`rtipte shıptanın` eki shetine kelgende jekendi qaytarıp o`tkeriw ushın shıg`aradı.
En` shetin jiptin` astına onnan aldın`g`ı jiptin` asıtının` u`sti menen ha`m keyin qarap sol birinshi jiptin` u`sti menen kaytıp toqıladı. Usı ta`rtipte ko`rilgen jiptin` aqırına kelgende kesip ushıların` bekkem etip baylap shıg`adı. Son` toq`p shıqqan jerlerin tegislep shıpta payda etemiz (12 su`wret) .[18]



В

Shıpta tek to`sek retinde paydalanıp qalmastan onnan jaydı bastırıwda ag`ashtın` u`stine taslap u`stine salıng`an na`rselerdin` to`mengi jag`ına salbırap ag`ıp ketpewi ushında paydalang`an.

Boyra ha`m kıyra juwan nar qamıstan toq`ladı. bulardı toqıg`anda juwan qamıs tazalanıp alınadı. Bunnan keyin tan`lang`an juwan qamıs ag`ash toqpaqları menen u`stinen urılıp eziledi. Keyinen ezilgen qamıs eki qatar etip jayıladı olardın` birewinin` astı ekinshisinin` u`sti menen izbe-iz belgili ende ha`m uzınlıqta toqılıp baradı, araları birqansha siyrek toqılg`anın qıyra dep, al birkansha tıg`ız toqılg`anın boyra dep ataydı. Bulardın` ekewide kollanıwına qaray ha`rqıylı ko`lemde toqıladı. Boyranı ko`binese erte waqıtları ata-babalarımız eki ushın sabaq penen qurastırıp da`n salıp qoyıw ushın ha`m de sharwashılıqta eshki `laqların qoy qozıların ishine salıp qoyıw ushın ken`nen paydalang`an. Al qalg`an mayda sho`plerin bolsa o`zlerinin` salg`an jaylarının` to`besine u`stine salınatug`ın mayda sho`p penen ag`ash ortasına salg`anlıg`ı sebebi: u`stine salıng`an mayda sho`pler tu`sirmew ushın paydalang`an.

Sebetler bizin` Respublikamız aymag`ında jergilikli materiallar bolg`an ag`ashtın` mayda shaqalarınan islenip onı ıdıs retinde paydalanıp kelgen. Olardan qaratal, aktal, aq terek, jiyde, almurt, shabdal, toran`g`ıl, qara ag`ash, jın`g`ıl ken` ko`lemde o`sip turg`anlıg`ın ko`remiz. A`sirese kala ishinde ag`ashlardın` ha`rkıylı tu`rleri, awıllarda bolsa ag`ashlar menen birge kızıl jın`g`ıldın` ko`p mug`darının` bar ekenligi ha`mmege ma`lim. Usı aytılg`an ag`ashlardın jas shıbıqsha shaqalarınan jin`ishke o`sken kızıl jın`g`ıllardan paydalana otırıp do`gerek jumıslarında ha`r kıylı buyımlar isletiwge boladı. Bulardan buyımlardı isletkiziw ushın gu`zde yamasa ba`ha`r gezinde jin`ishke taldın` shıbıkların tayarlap aladı. Ba`ha`rde kesip tayarlap alg`an taldın, jin`ishke shaqaları juda` yilgish keledi ha`mde sırtın qosımsha pardozlawdı talap etpeydi. Sebebi taldın` shıbıqların gu`zde tayarlaytug`ın bolsaq onın` yilgishligi to`men boladı. Shaqanın` yilgishligin arttırıw ushın 10-12 ku`n dawamında suwg`a salıp qoyıw kerek Egerde kızıl jın`g`ıl shıbıqlarınan tayarlaytug`ın bolsaq onda onın` iyiliwshen`ligin arttırıw ushın jag`ılg`an ottın` ıssı jag`ı onsha ko`p bomag`an ku`line tez-tez tıg`ıp alıw

jalın menen iyiliwshen` etiwge boladı. Bul shaqalardan ha`rkıylı sebetler, korzinalar nan o`nimleri menen miywelerdi salıp qoyatug`ın ha`rqıylı ıdıslardı toqıwg`a boladı. .[19]

Aytayıq a`piuayı sebet toqıwda en` da`slebinde sol toqılatug`ın sebettin` qanday ko`lemde, o`lshemde toqılıwına qaray onın` tiykarın belgilep aladı. Islenip alıng`annan keyin atanaqsha etip shaqalardı o`tkerip shıg`amız. Ol kanday teren`likte saylap alınıwına qaray jas shaqalardı aralarına o`tkere beremiz. En` son`ında belgili teren`lik alıng`annan keyin shaqalardın` ushların kaytarıp o`tkeriw arqalı toqıladı. (13 su`wret).




13-сүўрет. Себет тоқыў.

а - астын тоқыў
б - қапталын тоқыў
в - қапталын ҳәм услағышын тоқыў.
г - тийкары
д - таяр себет

Erte waqıtları ata-babalarımız bunday shaqalardan paydalanıp, barlıq uslaytug`ın baspaylar, qoralar toqıp barg`an, bul shaqalar ja`rdeminde do`gerek jumısların islew oqıwshılarg`a u`lken qızıg`ıwshılıqlardı arttıradı. Bulardan basqada biydaydın` paqallarınan  shalı sabanlarınan ha`r qıylı zatlardı toqıwdı u`yretiw mu`mkin bulardı u`yretiw arqalı do`gerek jumısların talap da`rejesinde sho`lkemlestiriwge tiykar bola aladı. Usı arqalı oqıwshılardın` oy o`risi islew uqıplıg`ı rawajlanadı. Demek, usınday etip do`gerek jumısların alıp barıwda jergilikli materiallardan paydalanıp islewde o`zinin` na`tiyjelerin beredi.

Solay etip, mektep oqıwshılarına jergilikli materiallardan paydalanıp do`gerek jumısların sho`lkemlestiriwdin` a`hmiyeti joqarı boladı dep aytsaq qa`telespeymiz. .[20]

## Oqıwshılarg`a jergilikli materiallardan paydalanıp a`meliy shınıg`ıwlardı o`tkeriwdegi jan`asha ko`z qaraslar.

Ma`mleketimizde qabıl etilgen «Bilimlendiriw haqqındag`ı nızam kadrlar ta`rbiyalawdın` milliy bag`darlaması tuwrasındag`ı» nızamdag`ı tiykarg`ı maqseti ta`lim - ta`rbiya jumısların tu`pten jaqsılaw menen bir qatarda du`n`ya talaplarına juwap beretug`ın qa`niygelik kadrlardı tayarlawdan ibarat. Jas a`wladqa zamang`a say texnologiyalar tiykarında u`yretiw ha`m olardı islep shıg`arıw tarawlarına tayarlaw ulıwma orta bilim mekteplerinin` tiykarg`ı wazıypası bolıp esaplanadı. Bul wazıypalardı orınlawda miynet ta`lim sabaqlarının` ayrıqsha ornı ha`m a`hmiyeti bar.

Sebebi miynet ta`limi ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde uzaq waqıt oqıtılatug`ın pa`nlerden biri bolıp tabıladı. Miynet ta`limi pa`ninen jan`a redaktsiyadag`ı ma`mleketlik ta`lim standartında ulıwma orta mektepleri oqıw jobasında miynet ta`liminin` ornı belgilep qoyılg`an.

Bunda tiykarınan miynet ta`limi sabaqları ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde u`sh basqıshta alıp barıladı:

I. I-IV- klasslardag`ı miynet sabaqları. Bunda baslang`ısh klass oqıwshılarına da`slepki miynet ko`nlikpeleri qa`liplestirilip barıladı.

II. V-VII- klasslarg`a miynet pa`ni sabaqları. Bunda bes bag`darda ag`ashqa islew beriw texnologiyası, metallg`a islew beriw texnologiyası, gezlemelerge islew beriw texnologiyası, azıq awqat o`nimleri, awıl xojalıq tiykarları bag`darlarında a`melge asırıladı. .[21.22]

III. VIII-IX –klasslarda islep shıg`arıw tiykarları ha`m ka`sipke bag`darlaw boyınsha shınıg`ıwlar alıp barıladı. Bunda oqıwshılarg`a ha`r tu`rli ka`sipler atap aytqanda, ustashılıq, slesar`lıq, tokar`lıq, mexanizatorlıq, shofyorlıq, elektrotexnikalıq, radiotexnikalıq, tigiwshilik, aspazshılıq, toqımashılıq, ha`m t.b. sıyaqlı da`slepki tu`sinikler beriledi.

Oqıwshılar son`g`ı waqıtları mekteplerdegi oqıw ustaxanalarında ag`ash materiallar, metall materiallar ha`m og`an sa`yekes oqıw u`skene ha`m a`sbaplardın` jetispewshiligi bir qansha sezilerli ta`sir etpekte . Biraq oqıtıwshılarg`a u`lken juwapkershilikli talaplar qoyılmaqta.

Usınday talaplardı orınlawg`a jergilikli materiallardan paydalanıw u`lken a`hmiyetke iye. Bizin` ata-babalarımız bizden aldın jasap o`tken a`wladlarımız o`zimizdin` jerlerimizde bar bolg`an materiallardan kerekli bolg`an xojalıq turmıs buyımların saz a`sbapların jasay otırıp, kerekli orınlarg`a paydalana bilgen. Xalıqtı tanıtatug`ın onın` o`neri, ma`deniyatı, a`debiyatı, u`rip-a`deti, bulardın` barlıg`ı adamnın` o`zindegi ta`biyg`ıy talantı menen iske asatug`ın na`rseler bolıp tabıladı. Bizin` xalqımız o`nermentshi sheber insanlar bolg`an, bulardın` da`lili retinde muzeyde saqlanıwlı turg`an buyımlardı ko`rsetip o`tiwge boladı. Bular neshe jıllar o`tsede o`zinin` qunın jog`altpag`an, ha`r qıylı nag`ıslı buyımlar ha`ykel sa`wkele, o`ner monshaq, sandıq, ergenek, tigilgen ha`m toqılg`an zatlardın` adam aqılına xayran qalarlıq sheberligin ko`rip tan` qalamız.

Ata-babalarımız «O`nerlinin` qolı gu`l», «Ustalı el du`zeler» -degen so`zlerdi biykarg`a aytpag`an.

Qaraqalpaq qol o`neri do`retpelerin jasaydı ko`binshe jergilikli zatlar ju`n, paxta, saz ılay, ag`ash qamıs jın`g`ıl, shen`gel, jeken ha`m basqa zatlardın` tu`rleri qollanıladı. Respublikamızdag`ı jergilikli materiallardın` molshılıg`ı olardan qamıs, jeken, jın`g`ıl, shen`gel, ag`ash shaqaları barlıq jerlerde gezlesetug`ının bilemiz. Mısalı ushın qamıstan shiyler islegen bolsa, jekennen shıpta jın`g`ıl ha`m tal shıbıqlarınan ha`r qıylı sebet korzinaların sog`ıwg`a paydalanıp kelgen. Shiydi jaylardın` to`besin bastırıwda qaplawda u`ylerdi qorshawg`a paydalang`an. Al, jekennen shıpta toqıp to`sek retinde paydalanıp ko`p jıllar dawamında u`y turmısında ha`m u`y aldı maydanshalarında ken`nen qollanıp kelgen.

Ag`ashtan bolsa tut, jiyde, erik alma ag`ashlarınan  ha`r qıylı saz a`sbaplar soqqan. Qaraqalpaqtın` otawı tuwrasında orta a`sirlerde shatırlar qurıp bir qansha qosıqlar aytıp da`stanlardı jırlag`an. Qara u`y tiykarınan u`sh u`lken bo`lekten turadı, olar kerege, uluq ha`m shan`araq bolıp, olarda a`sirese boyı atadan balag`a jetip kelgen xalıq qurılıs texnikasının` arxitekturasın ko`remiz. Qara u`ydin` keregesi jıynala alatug`ın kerege bolıp ag`ashtın` ha`r biri bekkem o`giz terilerinen kesip jip etip alıp, bir-birine qurastırg`an bir orınnan ekinshi orıng`a ko`shkende yamasa jıynap qoyg`anda keregeni ha`r bir qanatın adam an`sat ko`tere alatug`ınday etip islengen.

Ag`ash ustashılıg`ınan tikkeley baylanıslı bolg`an xalıq o`nermenterinin` biri saz a`sbapların sog`ıw ayrım jag`daylarında jırawlar baqsılar sezendeler, saz a`sbapların o`zlerinin` dawsına qarap o`zleri du`zetip alg`an. Mısal retinde ataqlı Qıyas jıra o`zine ılayıqlı qobızdı o`zi soqqan. Arqa rayonlarg`a belgili bolg`an Seytniyaz usta saz a`sbabı bolg`an dutardı quramı etip soqqan. Duwtardın` qundag`ı menen da`stesinin` aralıg`ı qaqpag`ının` shetleri su`yek penen nag`ıslanadı. Qaraqalpaqsha moynı su`yek nag`ıslang`an a`sheku`ylep islegen dutardı «Ala moynaq dutar» dep ataydı. Ataqlı Bekturg`an usta oyma dutarlar soqqan ol erik ha`m jiyde ag`ashtın` ko`p jasag`an to`mengi betinen kesip alıp onın` ishin oyıp islegen.

Bulardan basqada bizin` usta ershilerimiz attın` erin ju`da` sa`nine keltirip islegen. Erdin` tiykarı ag`ashtan islenip onın` sırtqı betleri teri menen qaplanadı.

Sonday-aq ata-babalarımız mal terisinen bir qansha buyımlar kewishler, etikler ma`siler islegen.

Sonday-aq temir materiallarınan  ha`r qıylı buyımlar tayarlap olardan pıshaqtın` ha`r tu`rli tu`rlerin oraqlar, shanshqılar qarmaqlar jer su`retug`ın paznalar, atoshkir, tawar kesetug`ın qayshılar u`y turmısında qollanılatug`ın buyımlar sog`ıw menen shug`ıllanıp bir neshe sha`kirtler tayarlag`an. Zergerlik jumısların islewgede boladı. Sonın` menen birge qoy eshki ju`nlerinen jip iyirip ha`r qıylı kiyimler toqıp islegen. Usınday shiyki zat materiallarınan oqıwshılarg`a u`yretiwge boladı. Kiyiz basıw usılların joqarı klass oqıwshılarına u`yretip barsaq o`zinin` na`tiyjesin beredi.

A`meliy jumısları waqtında paydalanıwg`a en` qolaylı jergilikli materiallardın` bir tu`ri «ılay» bolıp onnan ha`r qıylı buyımlar qum, tas gu`ze,  badiya tabaq, tas shıra, tandır, tu`bekler soqqan. Jası u`lken apalarımızdın` ga`p etiwlerine na`zer taslasaq ılaydan 62 tu`rli buyımlar islewge bolanlıg`ın aytıp o`tken. Ha`zirgi waqıtta bunnan bir neshe ko`p buyımlar islenedi. Jasalatug`ın buyımg`a qaray ılay tan`lap alınadı. Ilay jaqsı pisse jasalatug`ın buyım sapalı boladı. .[23]

Ulıwma aytqanda awıl-xojalıg`ında, o`ndiriste sanaatda bolıp qalmastan, onı oqıw protsessindegi miynet pa`ni arqalı a`meliy shınıg`ıwlarda aytarlıqtay iske asırıw mu`mkinshiligi bar. Oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıg`ın arttıratug`ın jergilikli materiallardan paydallanıp joqarıda atamaları ko`rsetilgen buyımlardı tayarlaw

mu`mkinshiligi bolmaqta.

A`meliy jumıslarında usı aytılg`an materiallardan paydalanıw arqalı biz oqıwshı ha`m oqıtıwshılarg`a to`mendegidey wazıypalardı bildirgen bolamız.

- A`meliy shınıg`ıwlar islew ushın oqıwshılardın` a`sbap-u`skeneleri menen ta`miynleniwi kerek ha`m mekteptin` materiallıq bazasına itibar beriw za`ru`r.

- Eski umıt bolıp baratırg`an ata-babalarımızdın` qol o`nermentshiligin u`yretiw arqalı ha`m onı qaytadan tiklewge mu`mkinshilik tuwdıradı.

- A`meliy jumıslarındag`ı oqıwshılardın` jumısı paydalı ja`miyetlik xarakterge iye bolıp, oqıwshılardı ja`ma`a`t bolıp islewge awız birshilikke ta`rbiyalag`an bolamız.

-A`meliy shınıg`ıwlarında ha`r qıylı paydalı buyımlardı islew arqalı oqıwshılardı isbilermentshiliktin` elementleri u`yretilip barıladı.

- Oqıwshılardı o`z betinshe pikirlewge do`retiwshilikke ta`rbiyalaw arqalı olarda oylap tabıwshılıq elementleri qa`liplesedi.

Solay etip sabaqlarında a`meliy jumıslardı islewge jergilikli ta`biyg`ıy materiallardan paydalanıp jumıs isley otırıp oqıwshılardın` miynetke bolg`an, o`ndiris miynetine bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın arttırıw ha`mde bul materiallardan qa`legen orınlarda paydalanıwg`a bolatug`ınlıg`ı tuwrısında ken` pikirlerge iye boladı. Ha`r qıylı xalıqtın` milliy ma`deniyatı u`rp a`deti sonın` ishinde qol o`neri pu`tkil du`n`yalıq ma`deniyatqa qosılg`an u`les bolıp, ol tariyx betinde o`shpeytug`ın ma`n`gi miyrasımız bolıp tabıladı.

# O`MIR QA`WIPSIZLIGI

O`zbekstan Respublikasi Ministrler Ken`esinin` 19.07.2011 j. №208 sanli «Xaliqti jer silkiniwler aqibetinde payda bolatug`in ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen tu`rdegi) ha`reket etiwge tayarlaw kompleks da`stu`rin tastiqlaw hakkinda»g`i qarari, Joqari ha`m orta arnawli bilimlendiriw ministrliginin` 22.07.2011 j. №310 sanli buyrig`in basshiliqka alinip ha`m orinlaw maqsteinde A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogika instituti rektorati buyrig`i (25.12.2012 j. №601 D/1) tiykarinda «O`mir qa`wipsizligi» pa`ni barliq ta`lim bag`darlari boyinsha talabalarg`a oqiw protsessinde u`yretiw ushin, magistrlik dissertatsiya jumisi ha`m bakalavr qa`nigelik pitkeriw jumislarin orinlawda pa`nnin` huqiqiy tiykarlari kirgizildi.

“Ja`miyette puxaralardin` huqiqlari ha`m erkinliklerin qorg`aw ta`miyinlengende ol haqiqiy, huqiqiy puxaraliq ja`miyet boladi. Ha`r bir adam o`z huqiqlarin aniq biliwi olardan paydalana aliwi, o`z huqiqi ha`m erkinliklerin qorg`ay aliwi lazim. Bunin` ushin da`slep ma`mleketimiz xalqinin` huqiqiy ma`deniyatin asiriw za`ru`r” (I. Karimov. O`zbekstan XXI  a`sirge umtilmaqta, 31 – bet).

XX a`sirdin` 60 – jillarinan baslap is ju`rgizip kelgen puxaraliq qorg`aniw sistemasinin` tiykarg`i waziypasi tinishliq da`wirinde ha`m uris jag`dayinda ma`mleket xalqin jalpi qirg`in qurallari ha`m basqa xu`jim qurallarinan qorg`aw, uris jag`dayinda xaliq xojalig`i obektlerinin` turaqli islewin ta`miyinlew ha`mde apatshiliq oshaqlarinda qutqariw ha`m tiklew jumislarin o`z waqtinda na`tiyjeli a`melge asiriwdan ibarat edi.

Biraq xaliq o`mirine tek jalpi qirg`in qurallari emes, ba`lkim basqa qa`wip – qa`terlerde qa`wip salmaqta, olardi na`zerden shette qaldiriw hasla mu`mkin emes. Bular ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylar bolip tabiladi.

1990–jillarg`a kelip yadro urisi qa`wipi kemeyip, biologiyaliq qurallardan paydalaniw sheklep qoyildi, jan`a – zamanago`y qural tu`rleri oylap tabildi, olar

adamlar ushin qa`wipli bolmay, ba`lki ekonomikaliq obektlerdi isten shig`ariwg`a qaratilg`an edi. Bulardin` barlig`i puqaraliq qorg`aniw sistemasi orninda jan`a bir sistema du`ziliw kerekligin da`llilep berdi.

Puqaraliq qorg`aniw ornin iyelewi mu`mkin bolg`an iri ko`lemdegi ayriqsha jag`daylarg`a a`welden tayarliqti ta`miyinlewshi jan`a arnawli ma`mleket sistemasi iyelewi, ol tinishliq ha`mde uris da`wirinde xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`awi lazim edi. Bul sistema xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw ha`m qutqariw jumislarin o`tkerip qoymay, basqa a`hmiyetli ilajlardi: ta`biyiy apatlardan qa`wipli aymaqlar kartalarin du`ziw, seysmikaliq bekkem bina ha`m imaratlardi quriw, qisqa, orta ha`m uzaq mu`ddetli boljaw jumislarin sho`lkemlestiriwi ha`m xaliq tayarlig`in a`melge asiriwi lazim edi.

Usi orinda ja`ne bir ma`seleni aydinlastirip aliwg`a tuwra keledi. Ayriqsha jag`day degen ne, onnan xaliqti ha`m aymaqlardi qorg`aw degende neni na`zerde tutiwimiz kerek?

Ayriqsha jag`day – adamlar qurban boliwi, olardin` den sawlig`i yaki qorshag`an ortaliqqa ziyan tiyiwi, materialliq shig`inlar keltirip shig`iliwi ha`mde adamlardin` turmis sharayatinin` izden shig`iwina alip keliwi mu`mkin bolg`an yaki alip kelgen avariya, apatshiliq, qa`wipli ta`biyg`iy ha`diyse yaki basqa ta`biyiy apatshiliq na`tiyjesinde belgili bir aymaqta ju`zege kelgen jag`day.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw – ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardi saplastiriw ilajlari, usillari, qurallar sistemasi, ha`reketler birlesigi.

Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw – aldin ala o`tkerilip, ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi qa`wipin mu`mkinshiligi bolg`ansha kemeytiwge, bunday jag`daylar ju`z bergen ta`g`dirde bolsa adamlar den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge qaratilg`an ilajlar kompleksi.

Ayriqsha jag`daylardi saplastiriw – ayriqsha jag`daylar ju`z bergende o`tkerilip, adamlar o`miri ha`m den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge, sonday – aq

ayriqsha jag`daylar ju`z bergen zonalardi shen`berge alip, qa`wipli faktorlar ta`sirin toqtatiwg`a qaratilg`an avariya – qutqariw jumislari ha`m basqa keshiktirip bolmaytug`in basqa jumislar kompleksi.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda qoyilg`an en` tiykarg`i jumislardin` biri–da`slep Qorg`aniw ministrligi qasinda puqaraliq qorg`aniw ha`m ayriqsha jag`daylar basqarmasinin`, son` usi basqarma tiykarinda O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` 1996 jil 4 marttag`i PF–1378 Buyrig`i menen Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` du`ziliwi boldi.

Ministrlik is ju`rgize baslag`annan son` xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinin` huqiqiy tiykarin du`ziwshi bir qatar nizam ha`m qararlar qabil etildi.

*O`zbekstan Respublikasi nizamlari:*

Xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 5 bo`lim ha`m 27 stat`yadan ibarat. Nizam xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawindag`i sotsial mu`na`sibetlerdi ta`rtipke saladi ha`m ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi ha`m rawajlaniwinin` aldin aliw, ayriqsha jag`daylar keltiretug`in shig`inlardi azaytiw ha`m ayriqsha jag`daylardi saplastiriwdi maqset etip qoyadi.

Puxaraliq qorg`aniw haqqinda (2000 jil 26 may) – 4 bo`lim ha`m 23 stat`yadan ibarat. Usi nizam puxaraliq qorg`aniw tarawindag`i tiykarg`i waziypalardi, olardi a`melge asiriwdin` huqiqiy tiykarlarin, ma`mleket organlarinin`, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` wa`killiklerin, O`zbekstan Respublikasi puxaralarinin` huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlarin, sonday – aq puxaraliq qorg`aniw ku`shleri ha`m qurallarin belgileydi.

Adamnin` immunitet jetispewshiligi virusi menen keselleniwinin` aldin aliw haqqinda (1999 jil 19 avgust) – 13 stat`ya. Nizamda AIJS keselliginin` aldin aliw tarawindag`i ma`mleketlik ta`miyinlew, kesselliktin` aldin aliw boyinsha jumislardi qarji menen ta`miyinlew, puxaralardin` ha`m ma`jbu`riyatlarina tiyisli ma`seleler ko`rsetilgen.

Gidrotexnika inshaatlarinin` qa`wipsizligi haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 15 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti gidrotexnika inshaatlarin joybarlastiriw, quriw, paydalaniwg`a tapsiriw, olardan paydalaniw, olardi rekonstruktsiya qiliw, tiklew, konservatsiyalaw ha`m tamamlawda qa`wipsizlikti ta`miyinlew boyinsha iskerligin a`melge asiriwda ju`zege keletug`in mina`sibetlerdi ta`rtipke saliw bolip tabiladi.

Awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`aw haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 28 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`awdi ta`miyinlew, o`simliklerdi qorg`aw qurallarinin` adam den sawlig`ina, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa ziyanli ta`sirinin` aldin aliw menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Radiatsiyaliq qa`wipsizlik haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 5 bo`lim ha`m 28 stat`yadan ibarat. Nizamnin` maqseti radiatsiyaliq qa`wipsizlikti, puxaralar o`miri, den sawlig`i ha`m mal – mu`lki, sonday – aq, qorshag`an ortaliqti ionlastiriwshi nurlaniwdin` ziyanli ta`sirinen qorg`awdi ta`miyinlew menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Terrorizmge qarsi gu`res haqqinda (2000 jil 15 dekabr) – 6 bo`lim ha`m 31 statyadan ibarat. Usi nizamnin` maqseti terrorizmge qarsi gu`res tarawindag`i qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat. Nizamnin` tiykarg`i waziypalari shaxs, ja`miyet ha`m ma`mlekettin` suverenitetin ha`m aymaqliq pu`tinligin qorg`aw puxaralar tinishlig`i ha`m milliy tatiwliqti saqlawdan ibarat.

Qa`wipli islep shig`ariw obektlerinin` sanaat qa`wipsizligi haqqinda (2006 jil 28 sentyabr`) – 23 stat`ya. Nizamnin` maqseti qa`wipli islep shig`ariw obektlarinin` sanaat qa`wipsizligi tarawindag`i qa`tnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

O`zbekstan Respublikasi MK (1997 jil 27 dekabr`) №558-sanli qarari «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda ha`reket etiwde ma`mleketlik dizimi haqqinda»g`i qarari menen biykar etilip bul qarar qaytadan 2011 jil 24 avgustta O`zbekstan Respublikasi MK №242-sanli «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda

ha`reket etiwdin` ma`mleketlik dizimi jumislarin bunnan bilay jetilistiriw» haqqinda qarari menen toliqtirilip qayta shiqti.

O`zbekstan Respublikasi (2011 jil 19 iyul`) №208-sanli qarari «Xaliqti jer silkiniwler na`tiyjesinde payda boliw mu`mkin bolg`an ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen) ha`reket etiwge u`yretiwdin` kompleks da`stu`rin tastiyiqlaw» haqqinda qarari tiykarinda barliq orinlarda ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiyadin` kompleks da`sturleri islenip shig`ilip, oqiw mashqulatlari alip barilmaqta.

*O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` qarari:*

Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shkisi ha`diyseleri menen baylanisli ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardin` aqibetlerin toqtatiw barisindag`i – ilajlar haqqinda (2007 jil 19 fevral, PQ – 585 – sanli). Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shki ha`diyseleri menen baylanisli jumislardi o`z waqtinda ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, sonday – aq olardin` aqibetlerin tezlik penen toqtatiw maqsetinde qabil etilgen.

*O`zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin` qararlari:*

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` jumisin sho`lkemlestiriw ma`seleleri haqqinda (1996 jil 11 aprel, 143 – sanli). Qararg`a «O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar haqqinda»g`i Nizam qosimsha etilgen. Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` tiykarg`i waziypalari, huqiqlari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi haqqinda (1997 jil 23 dekabr, 558 - sanli). Qarar menen O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi (AJMS) haqqindag`i Nizam ha`m onin` du`zilisi tastiyiqlang`an, ministrlik ha`m idaralardin` xaliq ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw boyinsha funktsiyalari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`awg`a tayarlaw ta`rtibi haqqinda (1998 jil 7 oktyabr 427 – sanli). Qarar ma`mleket xalqin ha`m aymaqlarin ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw

sistemasin rawajlandiriw maqsetinde qabil etilgen. Qararg`a qosimsha keltirilgen «Xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda tayarlaw ta`rtibi haqqinda»g`i Nizam O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda, sonday – aq ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiwge tayarliqtan o`tip atirg`an xaliq toparlarin tayarlawdin` tiykarg`i waziypalarin, tu`rleri ha`m usillarin belgileydi.

Ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylardin` sipatlamasi haqqinda (1998 jil 27 oktyabr, 455 – sanli). Qarar menen tastiyiqlang`an sipatlamag`a muwapiq ayriqsha jag`daylar ju`zege keliw sebeplerine ko`re texnogen, ta`biyiy ha`m ekologiyaliq qa`siyetli, usi jag`daylarda ziyan kergen adamlar sanina, materialliq ziyanlar mug`darina ha`m ko`lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha`m transsshegarali tu`rlerge bo`linedi.

O`zbekstan Respublikasinda adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`resti ku`sheytiw ilajlari haqqinda (1996 jil 18 yanvar, 32 – sanli). Adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`res ilajlarinin` na`tiyjeligin asiriw, sonday – aq xaliq jasaw orinlarinda iyt, pishiq ha`m basqa u`y haywanlarin ta`rtipke saliw maqsetinde qabil etilgen.

G`alaba xaliqliq ilajlardi o`tkeriw qag`iydalarin tastiyiqlaw haqqinda (2003 jil 13 yanvar, 15 – sanli). O`zbekstan Respublikasi aymag`inda g`alaba xaliqliq ilajlar o`tkeriliwi waqtinda ja`ma`a`t qa`wipsizligin ta`miyinlew ha`m ta`rtibin qorg`aw maqsetinde qabil etilgen.

Ayriqsha jag`daylardi boljaw ha`m aldin aliw Ma`mleket da`stu`rin tastiyiqlaw haqqinda (2007 jil 3 aprel, 71 – sanli). Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m aqibetlerin saplastiriw tarawinda alip barilip atirg`an jumislar o`nimliligin asiriw maqsetinde qabil etilgen.

Joqarida ko`rsetilgen huqiqiy hu`jjetler tiykarinda oqiw protsessinde talabalarg`a "O`mir qa`wipsizligi" pa`ninin` barliq bag`darlari boyinsha ken` ma`niste tu`sinikler berildi.

**1 saatliq sabaq o’tiw usili.**

**Sabaqtin’maqseti**: Oqiwshilardin’ texnikaliq modellestiriw protsessindegi iskerligi tiykarinan texnik h’ujjetlerdi islep shig’iw h’a’m modellestiriwde texnikaliq buyimlardin’ eskizlerin jasaw usillarin u’yretiw.

**Qurallandiriw**. Oqiw ustaxanasinda h’ar qiyli materiallarg’a islew beretug`in a’sbap-u’skeneler.Islew beriletug`in buyimnin` texnikaliq hu’jjetleri texnologiyaliq kartasi..O`lshewshi a`sbaplar.Siziw qurallari.

**Sabaq barisinin’ u’lgisi.** Texnik modellestiriw protsessi to’mendegi ush tiykarg’i basqishtan: model` jasaw ushin texnik h’ujjetlerdi (texnik sha’rtler, sizilmalar, texnologiyani) tayarlaw, model` jasaw h’a’m oni sinap ko’riwden ibarat.

Oqiwshilardin’ texnikaliq modellestiriw protsessindegi iskerligi tiykarinan texnik h’ujjetlerdi islep shig’iw h’a’m model` jasawdan ibarat boladi. Sonin’ ushin en’ da’slep oqiwshilardi sizilmalardi islewge, texnik protsesti duziwge, model`din’ detallarin tayarlaw h’a’m olardi jiynawg’a bag’darlaw na’zerde tutiw lazim boladi. Ayrim jag’daylarda model`di sinaw onin’ aniqlig’in tekseriw menen almastiriliwi mumkin.

Model`lestiriw ob`ektlerinin’ tan’lawda h’a’m oqiwshilarg’a beriletug’in tapsirmalardi belgilewde a’mel qilinatug’in talaplar:

1. Uaziypalardin’ politexnik ta’lim jag’inan maqsetke muwapiqlilig’i.

2. Oqiwshilardin’ pa’n tiykarlarinan alg’an bilimlerinen tayaniw. Eger oqiwshilar model` ulgisi arqali tiyisli ta’biyg’iy-ilimiy nizamliqlar h’a’m h’a’diyseler a’melde paydalaniwdi ko’riwleri na’zerde tutilsa, fizika, ximiya h’a’m basqa qurallarda sol nizamliq h’a’m h’a’diyseler menen tanistirilg’an boliwlari kerek.

3.Oqiwshilardin’ ustaxanalardag’i shinig’iwlarda materiallardi qayta islew boyinsha o’zlestirip alg’an oqiw h’a’m bilimlerinen paydalaniw.

4.Tiyisli jas kategoriyasindag’i oqiwshilar orinlay alatug’in waziypalardi tan’law.

Oqiwshilarg’a modellestiriwdi uyretiw protsessinde ob`ektlerdi tayarlaw

to'mendegishe ush basqishta a'melge asiriladi:

1 Arnawli texnik h'ujjet boyinsha.

2. Qisqartilg'an texnik h'ujjetler boyinsha.

3. Texnik sha'rtler yaki o'z qa'lewi boyinsha.

Modellestiriwdi uyretiwdin' birinshi basqishinin' qa'sieti sol, onda oqiwshilar tapsirmani orinlaw ushin barliq baslang'ish mag'lumatlardi tayarlap aladi. Bul bolsa sol basqishta oqiwshilardin' iskerligi ushin h'esh qanday sha'rayat bolmaydi degen ga'm emes. Sonday-aq sizilmalar ob`ekttin' texnik sha'rtleri h'a'm texnologiyaliq kartalar bolg'an jag'dayda, oqiwshilardin' erkin islewine tuwra keledi. Olar da'slep texnik h'ujjetlerdi tusinip aliwlari,sizilmani oqiwlari h'a'm texnologiyani oqiwlari sha'rt. Sizilmag'a muwapiqzagotovkani tan'law, olardi bekkemlew usillarin tan'law h'a'm basqa ma'selelerdi sheshiw oqiwshilardin' o'zlerine qaladi.

Model`lestiriwdi uyreniwdin' ekinshi basqishi oqiwshilar tapsirmani orinlaw ushin kerekli mag'lwmatlardi toliq ala almaslig'i menen xarakterlenedi. Olar spravochnik a'debiyatlardan paydalanip, buyimnin' konstruktsiyasin, oni tayarlaw texnoloiyasin islep shig'iw h'a'mtag'i basqa mag'lumatlardin' bir bo'limin erkin jag'dayda o'zleri tabiwlari kerek. Al qisqartilg'an texnik h'ujjetlerdi bolsa, sizilmalardi oqiw h'a'm islep shig'iw h'a'm konstruktsiyalaw h'a'm texnologiyaliq protsesti payda etiw waziypalarin na'zerde tutiw usinis etiledi. №isqa texnik h'ujjetlerdi duziwde oqiwshilar quramaliraq tapsirmalardi orinlawlari kerekli esapqa alinadi (aldin oqitiwshilardin' jumis ta'jriybelerin uyreniw tiykarindag'i pikirleri uyreniledi).

Model`lestiriwdi uyreniwdin' ushinshi basqishinda balalar o'zinin' sotsialliq tusinigi yaki buyimg'a qoyilatug'in sha'rtler boyinsha orinlanatug'in erkin jumisi bolip tabiladi. Ustaxanadag'i shinig'iwlarda texnik h'ujjetler sipatinda texnik suwretler, eskizler h'a'm jumis sizilmalarinan baslanadi, paydalanadi. Ta'jiriybe jumisi texnikaliq suwretten baslawi kerekligin, sonda oqiwshilardin' suwret saliw boyinsha alg'an bilimlerine suyeniw h'a'm olardi islenetug'in buyimnin' grafik ko'rinisi h'aqqinda tusinik payda etiw mumkinshiligin ko'rsetedi. Bularg'a

buyimnin’ formasi h’a’m h’aqiyqiy o’lshemleri h’aqqinda tusinik aniq boliwi ushin olarg’a texnikaliq suwret penen birge buyimnin’ o’zin de ko’rsetiw kerek boladi. Sebebi, oqitiwshi oqiwshilardin’ texnikaliq suwretlerin o’zlestirgenlerinen keyin eskiz benen tanisiwg’a o’tiledi. Bunday jag’dayda buyimnin’ tayar ulgilerin ko’rsetiw lazim.

Sizilmalardi oqiwg’a uyretiwdin’ tiykarg’i eki usili ma’lim. Onin’ birinshisi sizilmag’a oqiwshilardi bag’darlawg’a sorawlardin’ dizimi ko’rsetiledi. Sorawlar oqiwshi juwap tabiwi ushin sizilmani uyreniwge, oni analiz etiwge ma’jbur bolatug’in turinde ko’rsetilgen. Bul usil uliwma ta’lim mekteplerinde qollaniladi. Biraq mekteplerde o’tkeriletug’in analizler ekinshi metodik usildi usinis etiw imkaniyatin beredi. Ol oqiwshilardin’ ma’lim da’rejede plan boyinsha sizilmani uyreniwleri h’a’m onin’ mazmunin analiz etiwge tiykarlang’an bolip, bul jumis to’mendegi basqishlardan ibarat.

1.Sizilma menen uliwma tanisiw.

2.Buyimnin’ tiykarg’i jaziwi h’a’m gabarit o’lshemleri, detaldin’ ati, materiali, ko’rinisi masshtabi,gabarit o’lshemlerin oqitiw.

3.Ko’rinisi:ko’rinis xakakteristikasi, detal`din’ uliwma formasi, detal` elementlerinin’ formalarin oqitiw.

Ustaxanalardag`i shinig`iwlarda sizilmalardi du`ziw a`dette eskiz siziwdan ibarat. Sizilmalardi du`ziwdi u`yreniw a`piwayi tapsirmalardi orinlawdan, detallardi o`lshew ha`m bul o`lshemlerdi tayar sizilmag`a qoyip shig`iwdan baslanadi.Sizilmalar du`ziwdi u`yretiwdin` bul usili na`tiyjeli boliwi ushin islew beriw na`tiyjesinde detaldin` ko`rinisi o`zgeriwi sebepli sizilmag`a qosimshalar kirgiziwdi usinis etiw lazim. Keyingi tapsirmalarda oqiwshilar aldina a`piwayi detal ha`m onin` sizilmasi menen tanisiw, son`inan o`z betinshe usinday tiptegi detaldin` sizilmasin siziw waziypasi qoyiladi. Bunday tapsirmalar oqiw xarakterine iye bolg`ani ushin olardi orinlawg`a ko`p toqtamaw kerek. Oqiwshilar a`meliy jumisinda paydalanilatug`in sizilmalarin sizsa, olardin` aktivliligi ha`m miynet tapsirmalarina qizig`iwi artadi. Bul sizilmalar a`sirese modellestiriw protsessinde ju`da` za`ru`r.

**Sabaq tamamlang`annan keyin bekkemlew ushin beriletug`in sorawlar.**

1. Sizilmani uyreniwleri h’a’m onin’ mazmunin analiz etiwge tiykarlang’an qanday basqishlardan ibarat?
2. Oqiwshilarg’a modellestiriwdi uyretiw protsessinde ob`ektlerdi tayarlaw neshe basqishta a’melge asiriladi?

3.Model`lestiriw ob`ektlerinin’ tan’lawda h’a’m oqiwshilarg’a beriletug’in tapsirmalardi belgilewde qanday talaplarg’a a’mel qilinadi?

4.Texnik modellestiriw protsessi tiykarg’i neshe basqishtan ibarat?

Usi temag’a tiyisli krassvortti oqiwshilarg’a qalegeninshe toltiriwg’a ruxsat beriledi.

| **M** | **o** | **d** | **e** | **l** | **l** | **e** | **s** | **t** | **i** | **r** | **i** | **w** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | |

## JUWMAQLAW

Bazar ekonomikası qatnasıqlarınan jetilistiriw tek awıl xojalıg`ında, o`ndiriste sanaatta g`ana bolıp qalmastan onı oqıw protsessinde do`gerek jumıslarında aytarlıqtay iske asırıw mu`mkinshiligi bar. Onın` tiykarg`ı sebebi: bizde do`gerek jumıslarında oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıg`ın arttıratug`ın jergilikli materiallardan olardan paydalanıp buyımlar tayarlawg`a onsha qıyınshılıkqa ushıramay islewge bolatug`ınlıg`ın anıqlandı. Bulardan paydalanıp kalalıq jerlerdede ha`m awıll`q jerlerdede buyımlar tayarlaw mu`mkinshiligi bolmaqta.

Do`gerek jumıslarında joqarıda aytılg`an materiallardan paydalanıw arqalı biz oqıwshılarg`a to`mendegidey wazıypalardı orınlaw maqsetke muwapıq boladı.

1. Mektep oqıwshıları ushın do`gerek jumıslarına qolaylı sha`rtler jaratıw.
2. Mektep ustaxanasının` materiallıq bazasına jergilikli materiallar menen ta`miyinleniw
3. Eski umıt bolıp baratırg`an ata-babalarımızdın` kol o`nermentshiligin u`yretiw ha`m onı qaytadan tiklewge mu`mkinshilik tuwdıradı.
4. Do`gerek jumıslarındag`ı oqıwshılardın` jumısı paydalı ja`ma`a`tlik xarakterge iye bolıp oqıwshılardı ja`ma`a`t bolıp islewge, awız birshilikke ta`rbiyalag`an bolamız.
5. Do`gerek jumıslarında ha`rkıylı paydalı buyımlardı islew arqalı oqıwshılardı is bilermenlikke u`yretemiz.
6. Bul arqalı oqıwshılardın` o`z betinsheligin bilimin uqıp ko`nlikpelerin talap da`rejesinde bolıwına qa`liplesedi.
7. Oqıwshılardı o`z betinshe pikirlewge, do`retiwshilikke ha`m keleshekte o`nerli jaslar etip tayarlawg`a mu`mkinshilikler jaratıladı.

Oqıwshılardı miynetke ta`rbiyalaw menen bir katar estetikalıq ta`rbiyanı aladı ha`m o`nerdi islewdi u`yrenedi.

Solay etip, do`gerek jumıslarında jergilikli ta`biyg`iy materiallardan paydalanıp jumıs isley otırıp oqıwshılardın` miynetke bolg`an, o`ndiris miynetine bolg`an kızıg`ıwshılıg`ın arttırıw ha`mde bul materiallardan qa`legen orınlarda paydalanıwg`a bolatug`ınlıg`ı tuwrasında da ken` pikirlerge iye boladı.

Do`gerek jumıslarında jumıslar (buyımlar) islew oqıw orınlarında estetikalıq ta`rbiya beriw jumısların xalıq ma`deniyatının` u`lgilerinde alıp barıw bul tiykarg`ı wazıypalardın` biri. Ha`r bir xalıqtın` milliy ma`deniyatı u`rp-a`deti onın` ishinde qol o`neri-pu`tkil dun`yalıq ma`deniyatqa qosılg`an u`les bolıp, ol tariyx betinde o`shpeytug`ın ma`n`gi miyrasımız bolmaqta.

Juwmaqlap aytqanımızda do`gerek jumıslarında jergilikli materiallardan paydalanıp islegen buyımlarındag`ı qol-o`neri ha`m qol miyneti oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıg`ın arttıra otırıp, olardın` ruwxıy ma`deniyatın bayıtadı. Xalqımızdın` u`rip-a`detin tariyxıy teren`irek bilip alıwg`a miynet ko`nlikpelerin qa`liplestiriwge o`z ko`megin tolıq tiygizedi dep oylayman.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar:


1. I.A.Karimov Barkamol avlod Wzbekistan taraqqiyotining poydevori

2. Karimov I.A. O`zbekiston buyuk kelajak sari. T. 1998.

I.A. Karimov «Wzbekiston XXI asrga intilmoqda»Tashkent 1999 y.

3. I.A. Karimov «Wzbek xalqi xech qachon xech kimga qaram bwlmaydi»Tashkent 2005 y.

4.Txorjevskiy Mehnat ta`limi metodikasi 1990-yil

5. A.Allamuratov Ma`n`gi miyras No`kis 1993

6. A.O`temisov Qaraqalpaqlardın` ka`sip-o`ner ka`sipleri No`kis., 1977-jıl

7. A.Allamuratov Qarakalpaq xalıq kestesi No`kis 1977-jıl

8. R.Ma`ulenova 4 klassta miynet sabaqları No`kis 1991-jıl

9. P.T.Ma`zurov, A.R.Antonov, A.V.Suriv, A.T.Ma`diev, R.S.Shermuxammedov wkuvchilarni mehnatga va kasb tanlashga tayyorlash Toshkent 1991-yil

10. Andrianov P.N. Maktab o`quvchilari texnik ijodkorligini rivojlantirish. O`quvchilarning texnik ijodkorligi. Tuzuvchi P.N.Andrianov. T. 1989.

11. Ixtirolar, foydali modellar va sanoat namunalari to`g`risidagi qonun. O`zbekiston ixtirochilar va ratsionalizatorlar jamiyaining Respublika Kengashi. Rasmiy hujatlar to`pami. T.1994.

12. Asatryan A.T. Razvitie tvrcheskix sposobnstey shkol`nikov v kurajkax stantsii yunix texnikov. M.1987.

13. To`raqulov X.A. Sharipov Sh.S. Talabalar ixtirochili ijodkorligini rivojlantirish. Uslubiy tavsiyanoma. Jizzax. 1998.

14. Aleksandarov L.V. Karpova N.N. Metodv injenernego tvorchestva. Spraovchnik.M. 1993.

15. Vachevskiy M.A. Osnovi ratsionalizatorskoy i izobratetel`koy raboti. Kiev. 1988.

16. Aleksandrov L.V. Karpova Yu.A. Shepelev N.P. Rol` izobreteniy v oxrane okrujayushey sredi. M.1991.

17.Davlatov K. Mehnat va kasb ta`limi, tarbiyasi hamda kasb tanlash nazariyasi va metodikasi. – T.: «Wqituvchi», 1992. 319 b.
18.Davlatov K. Mehnat va kasb ta`limi, tarbiyasi hamda kasb tanlash nazariyasi va metodikasidan amaliy mashg`ulotlar: Pedagogika instituti talabalari uchun qwllanma. – T.: «Wqituvchi», 1995. 278 b.
19.Olimov Q.T. Kasb ta`limi uslubiyati. Wquv qwllanma. – T.: 2006. 164 b.
20.Avazboeva O.I., Isyanov R.G., Odilboev X. Mehnat ta`limi uslubiyotidan amaliy va laboratoriya mashg`ulotlari. Toshkent, TDPU. 1993.
21.Boltaboev S.A., Ismoilova M.M. Kasb ta`limi metodikasi fanidan kurs ishlari. Metodik qwllanma. -T.: TDPU, 2002. 32 b.
22.Muslimov N.A. Bwlajak kasb ta`limi wqituvchilarini kasbiy shakllantirish. Monografiya. –Toshkent: Fan, 2004. -127 b.
23.Sharipov Sh.S. va b. Pedagogik amaliyot (metodik qo`llanma). T.: TDPU, 2006.
24.www.ziyonet.uz

Kirisiw………………………………………………..1
I. Bo`lim. Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı ta`biyg`ıy jergilikli materiallar ha`m olardan buyımlar tayarlaw………………………….
I.1. Ta`biyg`ıy materiallardan buyımlar tayarlaw usılları.
I.2. Milliy nag`ıslar xaqqında ulıwma tu`sinik.
II. Bo`lim. Miynet sabag`ınan do`gerek jumısların sho`lkemlestiriwdin` a`hmiyeti.
II.1. Mektep oqıwshılarına do`gerek jumıslarının` maqseti ha`m wazıypaları.
II.2. Do`gerek jumıslarında jergilikli materiallardan paydalanıp ha`r qıylı buyımlardı islew jolları.
II.3. Oqıwshılarg`a jergilikli materiallardan paydalanıp a`meliy shınıg`ıwlardı o`tkeriwdegi jan`asha ko`z qaraslar.
III. Bo`lim. O`mir qa`wipsizligi
1 saatliq sabaq o'tiw usili.
Juwmaqlaw
Paydalanılg`an a`debiyatlar.